ФИФI ФЫМЫГЪЭПУД, ФИ IЕЙ ФЫМЫГЪЭПЩКIУ

АДЫГЭ ПСАЛЪЭ

1924 ГЪЭ ЛЪАНДЭРЭ КЪЫДОКI

АДЫГСКОЕ СЛОВО

КъБР-м И ПАРЛАМЕНТЫМРЭ ПРАВИТЕЛЬСТВЭМРЭ Я ГАЗЕТ
ГАЗЕТА ПАРЛАМЕНТА И ПРАВИТЕЛЬСТВА КБР

№154 (24.904) • 2025 гъэм дыгъэгъазэм (декабрым) и 25, махуэку • Тхьэмахуэм щэ къыдокI • И уасэр зы тумэнщ

ЗэIузэпэщыныгъэращ япэ ирагъэщыр

Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и Iэтащхьэ КIуэкIуэ Казбек, гъэ къэси хуэдэу, дыгъуасэ хэтащ цIыхухэм я упщIэхэм жэуап щарита эфир занщIэм

Эфир занщIэр ирагъэкIуэкIащ «Къэбэрдей-Балъкъэр» КъТРК-м и унафэщI Суйдым Беслъэнрэ телевиденэм и лэжьакIуэ Тиловэ Алинэрэ.

АБЫХЭМ жаIащ жылагъуэм я упщIэхэр электрон пощтым, чатботым, колл-центрым къызэрырагъэхьым. Апхуэдэхэр Iэтащхьэм иратащ езы журналистхэм, къыщынэмыщIауэ, видео-упщIэхэр кърагъэхьащ, телефонкIэ эфирым къэпсэлъащ цIыхухэр.

УпщIэхэм щIамыдзэ щыкIэ, Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и Iэтащхьэм къыхигъэщащ ди цIыхухэм я щыIэкIэ-псэукIэм теухуауэ езыхэм жаIэр ищIэну сыт щыгъуи зэрыфIэигъуэр, эфир занщIэм нэмыщI, ЩIыналъэм зегъэужьынымкIэ центрымрэ КъБР-м и Жылагъуэ екIуэлIапIэмрэ а Iэмалыр цIыхубэм зэрыщагъуэтыр. Iэтащхьэр кIэщIу тепсэлъыхьащ щIыналъэм нобэкIэ и социально-экономикэ щытыкIэр зыхуэдэм икIи жиIащ псэукIэр егъэфIэкIуэн и лъэныкъуэкIэ ящIэну я мурада псори къайхъулIауэ 2025 гъэр зэрырагъэкIыр, Къэбэрдей-Балъкъэрым и бюджетым елъытауэ пщэрылъ зыщащIыжахэр зэрызэфIахар, уеблэмэ нэхъыби къазэрыдэхъуар.

Iэтащхьэм япэ иригъэщу зи гугъу ищIахэм ящыщщ махуэ зыбжанэ ипэ Урысей Федерацэм и Президент Путин Владимир зэрыхуэзар, узыншагъэр хъумэным телажьэ IуэхущIапIэхэмкIэ республикэм иIэ ехъулIэныгъэхэм къэрал унафэщIыр арэзы зэрищIыр, нэгъущIхэри.

Эфирыр къызэрыщIадзар дзэ Iуэху хэхам щыIэхэм защIэгъэкъуэным теухуати, республикэ унафэщIым КъБР-м и цIыхухэм фIыщIэ яхуищIащ, абыкIэ я хьэкъ къазэрытемынэм папщIэ.

- Зауэм щыIэ ди щIалэхэм зыхуэныкъуэхэр къыджаIэурэ яхуедгъашэу, къахуэтщэхуу щытащ. Иджы щытыкIэм нэхъ зихъуэжащ, ахэр апхуэдэу къыдэлъэIужыркъым, хэгъэзыхь хэмыту ядэIэпыкъухэр, волонтерхэр куэд хъуащи. Къищынэмыщ Iауэ, Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм дзэ Iуэху хэхам щыIэхэм ятеухуауэ къыщащта унафэхэр къанэ щымыIэу догъэзащIэ. НобэкIэ ди сэлэтхэм ягу нэхъ къеуэр я унагъуэхэр зыхуей хуэзэнращи, дэ абы сытым дежи ди нэIэ тетщ. ЗауэлIхэм я унагъуэхэмрэ Iыхьлыхэмрэ защIэгъэкъуэныр зэпыдмыгъэуу едгъэкIуэкI лэжьыгъэщ, - жиIащ Iэтащхьэм.

Кенжэ къуажэм щыщ КIэш Артур республикэ унафэщIым къыхуитхащ КIуэкIуэ Валерэ тхьэмадэу щыщыта лъэхъэнэм ветеринар IуэхущIапIэ район псоми щызэтриублауэ зэрыщытар, иджыпсту къуажэхэм ветеринархэр зэрыщымыIэжым гугъуехь къызэрыхэкIыр. «ЗдэщымыIэ жылэхэр гъэбелджылауэ, гъэзэкIуэжын хуейщ, - жиIащ КIуэкIуэ Казбек. - Ауэ Iэщ дохутыр 1500-рэ республикэм щолажьэ, Бахъсэненкэ ветеринар IуэхущIапIэ хъарзынэ къыщызэIутхащ, мис абы ещхьхэр жылэхэм дэщIыхьын хуейщи, абы иужь дитщ. Iэщ дохутырхэр димыIэу хъунукъым, республикэм былыму щагъэхъум и бжыгъэр нэхъыбэ хъуащи.

Илъэс зыбжанэкIэ узэIэбэкIыжмэ, мэкъумэшым хуеджэнуи ирилэжьэнуи жэрдэм зиIэ куэд яхэттэкъым щIалэгъуалэм. Ауэ иджы щIым телэжьыхьыну гупыж зыщIхэм, фермерхэм я бжыгъэр куэдкIэ нэхъыбэ хъуащ. Ди деж агроному, ветеринару щеджэхэм ди республикэри ди гъунэгъу хэгъэгухэри зэрахьэфынущ, - къыхигъэщащ КIуэкIуэм.

«Экологистика» IуэхущIапIэм и лэжьыгъэм арэзы къимыщIу тхьэусыхэр зэрыкуэдыр жаIащ эфир занщIэр езыгъэкIуэкIхэм, абы и щхьэусыгъуэм щыщIэупщIэм:

- Мы махуэхэм щытыкIэр гугъу зыщIар, пхъэнкIийр дэзышхэр лэжьапIэ къызэрыдэмыкIарщ. КъыщIыдэмыкIами щхьэусыгъуэ иIэщ - и чэзум улахуэ иратыркъым. Ди жагъуэ зэрыхъущи, мыр къэрал IуэхущIапIэкъым, унейуэ зэрыщытым гугъуехь куэд къешэри, икIэщIыпIэкIэ а лэжьыгъэр зэтедублэжыну фыкъыдогъэгугъэ», - жиIащ щIыналъэ унафэщIым.

Гъуэгу Iуэхум щынэсым, Iэтащхьэм жиIащ республикэм и автомобиль гъуэгухэр зыхуей хуэгъэзэныр щIэгъэхуэбжьауэ зэрекIуэкIыр, 2026 гъэм километр щэ бжыгъэхэр зэрагъэзэхуэжыну, щIэуэ тралъхьэжыну зэраубзыхуар. Псалъэм къыдэкIуэу жыпIэмэ, Налшык и гъуэгухэм сом зы мелардрэ мелуан щиплIрэ хухахынущ етIанэгъэ. Абы нэмыщI районхэми къалэхэми щекIуэкIынущ апхуэдэ лэжьыгъэ.

КъБР-м узыншагъэр хъумэнымкIэ и IуэхущIапIэхэм зэхъуэкIыныгъэфIхэр зэрыщекIуэкIыр, Кавказ Ищхъэрэм щынэхъ ин дыдэ поликлиникэ Налшык къызэрыщызэIуахар, медицинэ IуэхущIапIэхэм машинэщIэхэр зэрыратыр, сымаджэщхэр зыхуэныкъуэ IэмэпсымэщIэхэмкIэ къызэрызэрагъэпэщыр жиIащ Тиловэ Алинэ икIи Онкодиспансерыр хьэзыр щыхъунум щIэупщIащ. Абы и жэуапу Iэтащхьэм къыхигъэщащ 2026 гъэм и кIэм ар къызэрызэIуахынур.

Республикэм туризмым зэрыщызиужьым арэзы къызэрищIым щеупщIым, КIуэкIуэм игъэбелджылащ, зэраубзыхуам тету, зэрыхагъахъуэр, гъэ къэс турист нэхъыбэ къызэрыкIуэр. «КъедгъэблэгъэфIым, щыдгъэIэфыну бжыгъэм хуэдиз къокIуэ иджыпстукIэ. ДяпэкIэ туристхэм я бжыгъэр мелуанитIым нэдгъэсыну ди мурадщ. АпщIондэху дэ къытпэщылъщ зыгъэпсэхуакIуэхэм Iуэхутхьэбзэ яхуэзыщIэхэр едгъэджэну, я Iэзагъым хэдгъэхъуэну», - дыщIигъуащ абы.

Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм 2019 гъэм щегъэжьауэ жылагъуэ зэхуэсыпIэу 250-рэ зыхуей щыхуагъэзащ, пщIантIэ 500-м щIигъу зэрагъэпэщыжащ. ДяпэкIи а Iуэхум къыпащэнумэ щыщIэупщIэм, Iэтащхьэм жиIащ фэтэр куэду зэхэт унэхэм я пщIантIэхэр цIыхухэр арэзы ищIу щытын папщIэ ялъэкI къызэрамыгъэнэнур, ар лъэпкъ проектхэм ящыщ зы Iыхьэу зэрыщытыр. Къищынэмыщ Iауэ, КIуэкIуэм дыщIигъуащ унэ зэтетхэр зи нэIэ щIэт IуэхущIапIэхэмрэ республикэ унафэщIхэмрэ зэпыщIауэ зэрызэдэлажьэр, унэхэри зэгъэпэщыжыным иужь зэритыр.

Абазэ Музариф Налшык къалэм жыгхэр куэду къызэрыщраупщIыкIым, мывэ къалэ зэрыхъум игъэпIейтейуэ къэтхащ. «Сэ Налшык мывэ къалэу схужыIэнукъым, - жиIащ КIуэкIуэ Казбек. - Архитектурэ и лъэныкъуэкIэ зэредгъэфIэкIуэным, жыг нэхъыбэ зэрыхэтсэным иужь дитщ. Мы гъэм и закъуэ кърибыдэу жыг миным щIигъу хэтсащ. Абы къищынэмыщIауэ, республикэм езым и питомник тщIынущ, илъэситху дэкIмэ, ди деж къыщыкIа жыгхэр уэрамхэм щыхэтсэну».

Нарткъалэ щыщ Хъуэст Темирлан видеокIэ Iэтащхьэм зыхуигъэзащ, гъуэгухэм я щытыкIэм игъэпIейтейуэ.

- Гъуэгу нэхъыщхьэхэр район псоми зыхуей щыхуэдгъэзэну ди мурадщ, - жиIащ КIуэкIуэм. - Езы район, къалэ унафэщIхэм зэраубзыхуам, къызэрагъэлъэгъуам тету, 2026 гъэм лэжьыгъэр щIыналъэхэм щедгъэкIуэкIынущ.

Тэрч къалэм бассейн зэрыщымыIэм иригузавэу къэпсэлъам жэуап щритым, КIуэкIуэм жиIащ абы и проект нэхъапэIуэкIэ ящIауэ зэрыщытар, ауэ Iэпэдэгъэлэл ящIыжу, ар жьы зэрыхъуар. Иджы щIэрыщIэу проектым иужь зэрихьэжынур къыхигъэщащ УнафэщIым.

Налшык къалэм дэт кхъэхэм ящыщ зыр зыхуей хуэгъэзэн, жьы хъуа жыгхэр къиупщIыкIын зэрыхуейм и гугъу ищIу къэтхащ зы бзылъхугъэ; Нарткъалэ и Къэбэрдей уэрамым тесхэр арэзыкъым унэщIэ куэд къызэхагъэувэу къэкIухьыпIэ къазэрыхуэмынам; Луганск электрикыу щылэжьа щIалэм «Ветеран боевых действий» цIэр къыфIащащ, ауэ абыхэм яхухэха ахъшэр къызэрырамытым игъэгузавэрт анэр; Лашынкъей футбол командэу тIу яIэщ, ауэ ахэр щыджэгун губгъуэ зэрамыIэм игъэгумэщIырт щIалэр; Вольнэ Аул щащIа школыщIэм и гъунэгъу Лесная уэрамым асфальт зэрытемылъым егъэпIейтей студием къэпсэлъа цIыхубзыр; Iэдииху сабий гъэсапIэ зэрыдэмытыр, сабийхэм я лъэм зыщрагъэукъуэдиин щIыпIэхэр зэрамыIэм игъэгузавэрт нысащIэр...

Ахэр псори пIалъэ къыхэмыкIыу зэфIахыну жиIащ КIуэкIуэ Казбек.

Аутизм къызэуз сабийхэм я бжыгъэр нэхъыбэ зэрыхъум игъэгумащIэу къэтхащ адэ-анэхэр, абыхэм папщIэ школ щхьэхуэ республикэм къыщызэIуахыну Iэмал щыIэмэ къащIэну. КIуэкIуэм жиIащ апхуэдэ цIыкIухэм папщIэ классхэр зэрыщыIэр, ауэ IуэхущIапIэ щхьэхуэ республикэр хуэныкъуэмэ, унафэ зэрищIынур игъэбелджылащ.

Суйдым Беслъэн «ЛIыхъужьхэм я щIэблэ» программэм кърикIуахэм щыщIэупщIэм, абы дяпэкIэ нэхъ зэрызрагъэубгъунур жиIащ Iэтащхьэм. «2025 гъэм къриубыдэу цIыху мини 5 хэтащ абы. СВО-м щыIэ щIалэхэм я бынхэр IэщIагъэ, IэнатIэ, къулыкъу зэмылIэужьыгъуэ куэдым пэрыт IэщIагъэлIхэм я нэIэ щIагъэувауэ гъащIэм, унагъуэ лъапIэныгъэхэм, лэжьыгъэм хуагъасэ. Ар куэд и уасэщ», - дыщIигъуащ КIуэкIуэм.

Спорт IуэхущIапIэ зимыIэ жылэ зэрыщыIэм, жылагъуэ транспортыр зэрызекIуэм, анэдэлъхубзэхэр хъума зэрыхъунум, нэгъуэщI куэдми игъэпIейтейуэ къэпсэлъащ, къэтхащ къалэхэм, къуажэхэм ящыщ ди лъахэгъухэр. Эфир занщIэм и кIэухым ирихьэлIэу упщIэу миным щIигъу кърагъэхьат. Ахэр дяпэкIэ республикэ унафэщIхэр зэлэжьыну Iуэхугъуэхэм хагъэхьэнущ.

НЭЩIЭПЫДЖЭ Замирэ.

IэнатIэкIэ къызэрызэгъэпэщар къапщытэ

Кавказ Ищхъэрэм Хабзэм къемызэгъыу лэжьапIэ къащтэхэм я бжыгъэр гъэмэщIэнымрэ лэжьыгъэ зэхущытыкIэхэр налуэ щIынымкIэ ведомствэхэм зэдай комиссэм хэтхэм я зэIущIэм КъБР-м и Iэтащхьэ КIуэкIуэ Казбек хэтащ. ВидеозэпыщIэныгъэ жыпхъэм иту ар иригъэкIуэкIащ Урысей Федерацэм и Президентым и полномочнэ лIыкIуэу КИФЩI-м щыIэ Чайкэ Юрий.

Абы щытепсэлъыхьащ 2025 - 2027 гъэхэм лэжьыгъэ зэгурыIуэныгъэхэр ямыIэу цIыхухэр IэнатIэкIэ къызэрызэрагъэпэщым пэщIэтыным хуэунэтIауэ къыхалъхьауэ щыта Iуэхухэр зэрагъэзащIэм, апхуэдэуи КИФЩI-м и щIыналъэхэм улахуэ и лъэныкъуэкIэ щIыхуэ ятемылъу я лэжьыгъэр зэрырагъэкIуэкIынум.

Чайкэ Юрий къыхигъэщащ лэжьыгъэ зэгурыIуэныгъэхэмрэ цIыхухэм я хуитыныгъэхэмрэ теухуа упщIэхэр къэрал къулыкъущIэхэм сытым дежи япэ ирагъэщыпхъэ Iуэхуу зэрыщытыр. Ахэр тэмэму зэфIэхыным куэдкIэ елъытащ цIыхухэм я псэукIэ зэIузэпэщымрэ я гъащIэм и фIагъымрэ. Абы и щыхьэтщ дыгъэгъазэм и 19-м Урысей Федерацэм и Президент Путин Владимир иригъэкIуэкIа «эфир занщIэм» абы теухуа упщIэ куэдкIэ зэрызыхуагъэзар.

Къэбэрдей-Балъкъэрым хабзэм къемызэгъыу лэжьапIэ къащтэхэм я бжыгъэр гъэмэщIэнымкIэ, улахуэмкIэ ятелъ щIыхуэр зытрагъэкIыжынымкIэ, пенсэ ныбжьым нэсахэм я хуитыныгъэхэр хъумэнымкIэ правительствэ комиссэм и лэжьыгъэр жыджэру ирегъэкIуэкI. Абы и къудамэхэр районхэми щыIэщ. 2025 гъэм жэпуэгъуэм и 1-м ирихьэлIэу хабзэм къемызэгъыу лэжьапIэ къащтауэ цIыху 6046-рэ къыщIагъэщащ, абыхэм ящыщу 5772-м я Iуэхур къэралым къызэригъэув хабзэм тету зэрагъэзэхуэжащ.

ЗэIущIэм хэтащ Лэжьыгъэмрэ цIыхухэр IэнатIэкIэ къызэгъэпэщынымкIэ федеральнэ къулыкъущIапIэм и унафэщI **Иванков Михаил**, Урысейм и МВД-м и управленэ нэхъыщхьэу КИФЩI-м щыIэм и Iэтащхьэ **Бачурин Сергей**, щIыналъэм я Iэтащхьэхэр.

Зэхыхьэм зи гугъу щащIахэм япкъ иткIэ, Чайкэ Юрий къалэн пыухыкIахэр пщэрылъ ящищIащ.

ЛIыхъужьхэм я щIэблэ

КъБР-м и Iэтащхьэ КIуэкIуэ Казбек яIущIащ республикэм щылажьэ «ЛIыхъужьхэм я щIэблэ» хэкупсэ проектым хэтхэм, абыхэм я гъэсакIуэхэмрэ ар къызэзыгъэпэщахэмрэ. ЗэIущIэр щекIуэкIащ ЩIалэгъуалэм я уардэунэм.

МЫ проектыр дзэ Iуэху хэхам хэтхэм я сабийхэм IэщIагъэ къыхахынымкIэ ядэIэпыкъун, ахэр иужькIэ лэжьапIэ IэнатIэкIэ къагъэгугъахэм хагъэхьэн папщIэ къызэрагъэпэщауэ щытащ. Къэралым мыхьэнэ нэхъ зрит проектхэм яз хъуащ ар занщIэу, щIыналъэ псоми къыщащтэну трагъэгушхуэу. ЩIалэгъуалэ IуэхухэмкIэ къэрал агентствэм къабыл ищIа нэужь, ар хагъэхьауэ щытащ «Росмолодежь. Гранты» программэм. «Пэрытхэм я зэщIэхъееныгъэ» урысейпсо зэгухьэныгъэм и нэIэ щIэту, проектым къызэщIиубыдакIэщ щIыналъи 7 - 17-м нэс.

ЗэIущIэм къеблэгъахэм защыхуигъазэм, **КIуэкIуэ Казбек** абыхэм фIыщIэ яхуищIащ къэралым, Хэкум щекIуэкIыр къафIэIуэхуу, яхузэфIэкI ящIэн хьэзыру зэрыщытым папщIэ.

- ПщIэ зыхуэфащэ цIыху къыфхэкIын хуэдэу фызыгъэса фи адэ-анэми, нобэ дзэ Iуэху хэхам хэту, Урысейм тхыдэкIэ хыхьэ и щIыналъэхэм къащхьэщыж, лIыгъэ зезыхьэ фи къуэшхэми фи шыпхъухэми фIыщIэ яхузощI. Хахуэу, къикIуэт ямыщIэу апхуэдэщ ахэр. Я щIыхьыр лъагэу, абыхэм къэралым и пащхьэм щахь къалэныр ягъэзащIэ, езыхэр ди дежкIэ щапхъэщ. СигукIи си псэкIи сыщIохъуэпс ди щIалэхэр узыншэу унэм къэкIуэжыным. Ди къэралым и къэкIуэну махуэмрэ абы щыпсэуну щIэблэмрэ папщIэ зи псэ зытахэм я фэеплъыр зэи кIуэдыжынукъым. Шэч къытесхьэркъым ТекIуэныгъэр къызэрытхьынуми пэжым дызэрытетми, - жиIащ КIуэкIуэ Казбек.

КIуэкIуэ Казбекрэ «ЛIыхъужьхэм я щIэблэ» проектым и етIуанэ пIалъэм и кIэух зэпеуэм хэтахэмрэ зэгъусэу тепсэлъыхьащ илъэсым яхузэфIэкIахэм, адэкIэ къапэщылъхэм. Дэтхэнэ зыми езым и жэрдэмыр къыхилъхьащ.

«ЛIыхъужьхэм я щIэблэ» проектым и етIуанэ пIалъэр мы гъэм Iыхьищу зэхэту екIуэкIащ. Урысейм абы хэтын папщIэ лъэIу тхылъ ирагъэхьат цIыху 5000-м. Муниципальнэ Iыхьэм нэсахэм «ЛIыхъужьым и хъыбар» зыфIаща къэхутэныгъэхэр утыку кърахьащ. Iуащхьэмахуэ щIыналъэм хыхьэ Теренекли къуажэм щрагъэкIуэкIа щIэныгъэ программэм хэтащ финалым нэса цIыху 200-р.

Iуащхьэмахуэ лъапэм щекIуэкIа зэхуэсым лъабжьэ хуэхъуащ мы лэжьыгъэхэр: IэщIагъэ къыхэхыным хуэунэтIыныр, мастер-классхэр, цIыхубэ проектхэр зэгъэпэщыныр, унэтIакIуэхэр ятегуэшэныр. Дэтхэнэ зы ныбжьыщIэми гъэсакIуэ щхьэхуэ иратащ, езым хуэкIуэ зыужьыныгъэ гъуэгу къыхуахын папщIэ.

КIэух зэпеуэм хэтхэм къапэщылъ иджырей зэпеуэ Iыхьэм дыгъэгъазэм и 23-м щIидзащ: республикэм щыщ ныбжьыщIэхэр яшащ абыхэм ирагъэцIыху IэщIагъэхэр къыщыгъэлъэгъуа, лэжьыгъэкIэ пэрыт IуэхущIапIэхэм. Ахэр лэжьыгъэр зэрекIуэкIым щыгъуазэ ящIынущ, унафэщIхэр, IэщIагъэлIхэр ирагъэцIыхунущ.

ЩIалэгъуалэм я унэм КIуэкIуэ Казбек иджыри щригъэкIуэкIащ КъБР-м и Iэтащхьэм къедзауэ лажьэ, Сабийхэмрэ щIалэгъуалэмрэ я урысейпсо цIыхубэ-къэрал зэщIэхъееныгъэм и къудамэу Республикэм и зэзыгъэуIу советым и зэIущIэр. Абы хэтащ советым щыщхэр, республикэм и гъэзэщIакIуэ органхэм я лэжьакIуэхэр, «ЛIыхъужьхэм я щIэблэ» пректым и кIэух зэпеуэм нэсахэр, адэ-анэхэр, гъэсакIуэхэр.

ЗэIущIэм щытепсэлъыхьащ «Пэрытхэм я зэщIэхъееныгъэ» зэгухьэныгъэм Къэбэрдей-Балъкъэрым щыIэ и къудамэм илъэс блэкIам хузэфIэкIахэмрэ дяпэкIэ къапэщылъхэмрэ.

- Хабзэ тхуэхъуауэ, дэ зэIущIэр мыпхуэдэу убгъуауэ идогъэкIуэкI, сабийхэр, илъэсым и кIуэцIкIэ нэхъ къахэжаныкIа щIалэгъуалэр хэту. Япэрауэ, Урысейпсо зэгухьэныгъэ къызэгъэпэщыныр зи жэрдэм ди Президент Путин Владимир Владимир и къуэм и Iуэху еплъыкIэм мыхьэнэшхуэ зэриIэр къыхэзгъэщыну сыхуейщ. Абы ищIа унафэм и фIыгъэкIэ, къыдэкIуэтей щIэблэм и гъэсэныгъэм, зыужьыныгъэм сэбэпышхуэ хуэхъу Iэмалхэр къыкъуэкIащ. Дэри а лэжьыгъэшхуэм зы Iыхьэу дыхоувэ, - жиIащ республикэм и Iэтащхьэм.

Республикэм и гъэзэщIакIуэ органхэм Къэбэрдей-Балъкъэрым щылажьэ «Пэрытхэм я зэщIэхъееныгъэ» зэгухьэныгъэм зэрызыщIагъакъуэ щIыкIэм тепсэлъыхьащ щIалэгъуалэ IуэхухэмкIэ министр **Лу Азэмэт**. Абы къыхигъэщащ «Пэрытхэм я зэщIэхъееныгъэм» зыщIагъэкъуэн папщIэ, сом мелуани 10-м нэс зэраутIыпщар. «Пэрытхэм я зэщIэхъееныгъэм» и IуэхущIапIэ нэхъыщхьэр ЩIалэгъуалэм я уардэунэм хэтщ. Аращи, абы щылажьэ лъэщапIэ псори ныбжьыщIэхэм къагъэщхьэпэну Iэмал яIэщ. «КъыхэзгъэщыНу сыхуейщ ди зэдэлэжьэныгъэр хабзэ зэтеувам зэрытетыр», - жиIащ министрым.

Республикэм щылажьэ «Пэрытхэм я зэщIэхъееныгъэм» и къудамэм хузэфIэкIахэм тепсэлъыхьащ абы и ЩIыналъэ къудамэм и советым и унафэщI **Шыпш Аслъэн**. Лэжьыгъэр къазэрехъулIам теухуауэ утыкум къыщыпсэлъахэщ зэгухьэныгъэм хэтхэр: «Мыхьэнэ зиIэ цIыху балигъ» проектым и психолог **Бозаев Руслан**, педколледжым щеджэ **Капрановэ Регинэ**, школ директорым и чэнджэщакIуэ **Щокъуий Роксоланэ** сымэ.

КIуэкIуэ Казбек щIыналъэм и гупым хэт щIалэгъуалэм, зэгухьэныгъэм и унафэщIхэм, абыхэм я Iуэху зезыгъакIуэ къулыкъущIэхэм фIыщIэ яхуищIащ къэралым иригъэкIуэкI щIалэгъуалэ политикэм жыджэру зэрыхэтым, лэжьыгъэ щхьэпэ зэрырагъэкIуэкIым папщIэ.

ПхъэнкIийхэр зэрызэтрихьэм теухуауэ

Иужьрей зэманым республикэм щынэрылъагъу хъуащ «Экологистика» IуэхущIапIэм и лэжьыгъэр зэрызэблэур. Абы и щапхъэхэр мащIэкъым - пхъэнкIий идзапIэхэр къыщхьэпрылъэлъу изщ, кIэрыхубжьэрыхухэр и чэзум зэрыдамышым къыхэкIыу. Сыт абы и щхьэусыгъуэр? Апхуэдэу къыщIоупщIэ республикэм щыпсэухэр. Абы жэуап кърет КъБР-м и Iэтащхьэмрэ Правительствэмрэ я пресс-IуэхущIапIэм.

КIЭРЫХУБЖЬЭРЫХУХЭР дэшыным пыщIа гугъуехьхэр зэрыщыIэм къыхэкIыу, КъБР-м и Правительствэм япэ вице-премьер Къуныжь МуIэед и унафэм щIэту оперативнэ штаб къызэрагъэпэщащ. А гупым къапэщытщ щыIэ хъуа гугъуехьхэр къызыхэкIар зэхагъэкIыу а лэжьыгъэр икIэщIыпIэкIэ тэмэму зэтраублэжыныр къызэригъэпэщыну, пхъэнкIийхэр дэшынымкIэ щытыкIэр ирагъэфIэкIуэжыну.

Махуэшхуэхэр шынагъуэншэу

Терроризмым пэщIэтынымкIэ и комиссэмрэ Къэбэрдей-Балъкъэрым и Оперативнэ штабымрэ я зэIущIэ КъБР-м и Iэтащхьэ КIуэкIуэ Казбек иригъэкIуэкIащ Республикэм. Абы щытепсэлъыхьащ илъэсыщIэр къыщихьэмрэ чыристанхэм я махуэшхуэмрэ щагъэлъапIэкIэ шынагъуэншагъэр къызэгъэпэщыным, УФ-м терроризмэм щыпэщIэтынымрэ щIалэгъуалэм абы и лъэныкъуэкIэ ядэлэжьэнымрэ пыщIа Iуэхухэм.

ЗЭIУЩIЭМ хэтащ КъБР-м и Парламентым и УнафэщI **Егоровэ Татьянэ**, республикэм и Правительствэм и УнафэщI **Мусуков Алий**, республикэ властым и гъэзэщIакIуэ, муниципальнэ органхэм, кIэлъыплъакIуэ, хабзэхъумэ, къарузехьэ IэнатIэхэм я унафэщIхэр.

Ар къыщызэIуихым, **КIуэкIуэ Казбек** къыхигъэщащ, щыIэ щытыкIэм елъытауэ, цIыху куэд зыхэт махуэшхуэ дауэдапщэхэр республикэм зэрыщрамыгъэкIуэкIынур. Апхуэдэу щытми, щIыналъэм и унафэщIым жиIащ еджапIэхэм, сабий гъэсапIэхэм илъэсыщIэ махуэшхуэхэр, театр теплъэгъуэхэр зэрыщызэхашэнур. «Терроризм зэрызыщахъумэ Iуэхухэр цIыху куэд щызэхыхьэ щIыпIэхэм къыщызэгъэпэщыпхъэщ. ИлъэсыщIэ псейхэр щагъэува утыкухэр хъумэнми гулъытэ хэха хуэщIын хуейщ», - жиIащ абы.

ИлъэсыщIэмрэ Хьисэ къыщалъхуа махуэмрэ ехьэлIа Iуэхухэр щрагъэкIуэкIкIэ терроризмэм ехьэлIа щIэпхъаджагъэхэр емыгъэлэжьыным, апхуэдэуи махуэшхуэ зэхуэсхэр здэщыIэ щIыпIэхэр хъумэным теухуауэ зэфIагъэкIхэм къызэхуэсахэр щыгъуазэ ищIащ къэрал кIуэцI IуэхухэмкIэ министру КъБР-м щыIэ Крючков Вячеслав. Терроризмэм и идеологием пэщIэтыным хуэгъэпса, 2024 - 2028 гъэхэм ятещIыхьа План зэгъэуIуам къыщыгъэлъэгъуахэр 2025 гъэм гъэзэщIа зэрыхъуам, абы щыщу «Терроризмэмрэ экстремизмэмрэ КъБР-м зыщемыгъэубгъуныр» къэрал программэм ипкъ иткIэ мылъку зыхухах Iуэхухэр зэрызэфIагъэкIам и гугъу ищIу къэпсэлъащ КъБР-м и Правительствэм и УнафэщIым и къуэдзэ **Къуэшырокъуэ Залым**.

Урысей Федерацэм и цIыхухэр 2026 гъэм Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм зэдэ учётым пощIэдзэу щыгъэувыныр къызэгъэпэщыным теухуауэ лэжьыпхъэхэм я Iуэхукlэ

Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и Iэтащхьэм и Указ

«Дзэм къулыкъу щащIэну я пщэ дэлъ къаlэныжьэ дзэ къулыкъумрэ я Iуэхукlэ» Федеральнэ законым ипкъ иткlэ **унафэ сощI**:

1. Мы Указым щыгъуазэ къэщтэн:

Урысей Федерацэм и цIыхухэр дзэ учётым гъэувыныкlэ муниципальнэ районхэм, къаlэ округхэм я комиссэхэм хэтхэр;

Урысей Федерацэм и цIыхухэу 2026 гъэм дзэ учётым пэщIэдзэу ягъэувыну къызытехуэхэм дохутырхэр якlэлъыплъыныр, абыхэм елэзэныр къызэзыгъэпэщыну медицинэ Iуэхущlапlэхэр зыхуэдэр.

2. Урысей Федерацэм и цIыхухэр дзэ учётым гъэувыныкlэ муниципальнэ районхэм, къаlэ округхэм я комиссэхэм 2026 гъэм щIышылэм и 1-м къыщыщIэдзауэ гъатхэпэм и 31-р къэсыху дзэ учётым пэщIэдзэу ягъэувын хуейщ 2009 гъэм къалъхуа цIыхухъухэр, апхуэдэу дзэ учётым щытыну къызытехуэ, ауз щыIэныгъэ нэхъыбжэр.

3. Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм Узыншагъэр хъумэныжьыкlэ и министерствэм иубзыхун хуейщ Урысей Федерацэм и цIыхухэу дзэ учётым пэщIэдзэу ягъэувыну къызытехуэхэм я узыншагъэм щыхьэт техуэнэу къызэрыкlуэр медицинэ Iуэхущlапlэхэм я лэжьакlуэхэр къызэрыхашIэну хабзэмрэ къыщыхасыну пlалъхэмрэ.

4. Зыхуэфащэхэм яхуэгъэлъэгъуэн:

ЦIыкlэ самоуправленэм и организацэ, Iуэхущlапlэхэм 2009 гъэм къалъхуа цIыхухъухэр, апхуэдэу дзэ учётым щытыну къызытехуэ, ауз щыжьыхъэр дзэ учётым пэщIэдзэу ягъэувын пlэрыт Iуэхущlапlэхэм я лэжьакlуэхэр къызэрыхашIэну хабзэмрэ къыщыхасыну пlалъхэмрэ.

5. Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм Къэрэшей-Шэрджэс республикэм щыIэм, езым и хуитыныгъэхэм къызэрыпlасэм хуэдэу, а Iуэхур зи пщэ дэлъхэм щIэзыгъэзэн яхуэхъун хуейщ Урысей Федерацэм и цIыхухэу дзэ учётым пэщIэдзэу ягъэувыным зыпылъэдзэкlэ къэпльхъэзыныкlэ.

6. Мы Указым къару егъэтэ абы Iэ щыщIэздза махуэм щегъэжьауэ.

Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и Iэтащхьэ КIУЭКIУЭ Казбек

Налшык къалэ
2025 гъэм дыгъэгъазэм и 15-м
№133-УГ

«Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм щIыхь зиIэ и къегъэлакlуэ» цIэ лъапIэр яфIэщыным и Iэухукlэ

Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и Iэтащхьэм и Указ

ЦIыхухэмрэ щIыналъэхэмрэ къэхъукъащIэ къызэрыкlуэхэм ящыхъума хъуным, къегъалакlуэ Iэухухэр къэпщынмрэ егъэкlуэкlыныжьэ хуащIа хэлъхьэныгъэшхэм икlи илъэс куэд хъуауэ хьэлэлу зэрылажьэм папщIэ «Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм щIыхь зиIэ и къегъэлакlуэ» цIэ лъапIэр яфIэщыным

Ахъубеков Адэлбий Жаммей и къуэм - Урысейм и МЧС-м и Iуащхьэмахуэ бгы лъагэ къэпльхъэкlуэ-къегъалакlуэ гупым («Урысейм и МЧС-м Кавказ Ищхъэрэм щIэ къэпльхъэкlуэ-къегъалакlуэ Iэухущlапlэ» федеральнэ къэрал кlэзонэ Iуэхущlапlэм и къудамэм) япэ класс зиIэ и къегъэлакlуэм,

Щокъуий Аслъэнбий Хъусен и къуэм - «Къэбэрдей-Балъкъэрым мафIэсым пощIэт-къегъалакlуэ и кlуныкъущlапlэ» къэрал кlэзонэ Iуэхущlапlэм мафIэсхэр гъэунэкlыфынымпщIа пыща и Iэнатlэм и лэжьыгъэ къызэгъэпэщынымкIэ и оперативнэ пlъыпым.

Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и Iэтащхьэ КIУЭКIУЭ Казбек

Налшык къалэ
2025 гъэм дыгъэгъазэм и 18-м
№138-УГ

● УФСБ-м къет

Хэщlыныгъэр ирагъэпшын

«Кавказ. РФ» АО-м и лэжьакlуэу щытам Къэбэрдей-Балъкъэрым суд щыгъащIыхьащ.

IУАЩХЬЭМАХУЭ район судым и унафэ кlару зыгъэутам ипкъ иткlэ, Ульбашев А. Хь. куэнщэу къалъытащ УФ-м и УК-м и 160-нэ статьям и 4-нэ Iыхьэм, 165-нэ статьям и 2-нэ Iыхьэм хъищIыкlэгъэ щIэпхъэджагъэкlэр зэрилэжьамкIэ. Абы илъэси 2-рэ мази 6-рэ тралъхьащ, тезыхэр щагъэзэкlуэж къызэрыгуэкl колониеим щигъэбыгъэнущ.

Урысей ФСБ-м и управленэу КъБР-м щыIэм, Урысей МВД-м и Управленэ нэхъыщхьэу КИФЩI-м щыIэм я лэжьакlуэхэм къэпльхъэныгъэ, следственнэ Iуэхуэр ирагъэкlуэкlыу яубзыхуащ къэдгъэлъэгъуам, «Эльбрус» турист-рекреацэ комплексым пщIэ щыщIат-щыблагъэкI Iэнатlэм и Iэщlагъэлъу щылажьэу, кlалэcэ гухэгумкlэ бгым дэкlынухэм абы щIата пщIэм щыщ зэридзыгъар.

Абы къэрикlуа сом мелуани 81-рэ хэщIныгъэр суд зытращIыхьам ирагъэпшынащ.

● КъБР-м и Парламентым

Бжьыхьэ лъэхъэнэм и цуэрей зэлуцIэм

КъБР-м и Парламентым и бжьыхьэ лэжьэгъуэм и цуэрей зэлуцIэм Iуэхугъуэ 20-м нэблагъэм депутатхэр щыхэплъащ.

АБЫ етIуанэ ещанэгъуэ къыщащтащ «Къэбэрдей-Балъкъэрым и бюджетыр 2026 гъэм, 2027, 2028 гъэхэм тещIыхьауэ» КъБР-м и законым и проектыр. КъБР-м финансхэмкIэ и министр Лисун Еленэ жиIащ законопроектым и япэ едзэгъуэм иужькIэ зэхъуэкIыныгъэ мащIэхэр зэрыхагъэхъажар, псом хуэмыдизу щIыналъэм 2026 гъэм зымыгъэзэж хэхъуэу иIэныр зэрагъэбелджылыжар (сом мелуан 857,8-рэ). Ахъшэр зытрагъэкIуэдэнхэм ящыщу автомобиль гъуэгухэр зыхуей хуэгъэзэнымрэ мэкъумэшым тегъэщIа хьэрычэт мащIэм зегъэужьыныжьэ. Къэбэрзыкъэгъэмэ, 2026 гъэм республикэм и хэхъуэр сом мелард 72,3-рэ хъунущ, къиГэсэбэпыну зыхуеинур - сом мелард 74,8-рэ.

ЗэхъуэкIыныгъэхэр халъхьащ «КъБР-м и бюджетыр 2025, 2026 гъэхэм тещIыхьауэ», «КъБР-м ФIэкIыпIэ зимыIэ медицинэ страхованиемкIэ и щIыналъэ фондым и бюджетыр 2025 гъэм, 2026, 2027 гъэхэм тещIыхьауэ» щIыналъэ законхэм.

Депутатхэм къащтащ «КъБР-м ФIэкIыпIэ зимыIэ медицинэ страхованиемкIэ и щIыналъэ фондым и бюджетыр 2026 гъэм, 2027, 2028 гъэхэм тещIыхьауэ» щIыналъэ законым и проектри. ЗэхъуэкIыныгъэхэр халъхьащ хэхыныгъэхэм, ззэзыгъэкIуэ хеящIэхэм, зихъумэжыныгъэмкIэ Iуэхугъэ къыззэрызэрагъэпэщым, республикэм и Щы кодексым, «Егъэджэныгъэм теухуауэ» КъБР-м и законхэм я проектхэм. Апхуэдэу депутатхэм къащтащ «Автомобиль гъуэгухэмрэ гъэзэ лэжьыгъэхэмрэ я зэхъуэкIыныгъэхэр хэлъхьэныгъэ» КъБР-м и законым и проектыр.

Депутатхэр арэзы техъуащ КъБР-м и Парламентым и жэрдэмитI - «Урысей Федерацэм и Бюджет кодексым и 46-нэ, 179-4-нэ Iыхьэхэм зэхъуэкIыныгъэхэр хэлъхьэныгъэ» «Балигъ мыхъуэхэм хабзэр къызэпамыубдынымкIэ лэжьыгъэ зэрырат Iэмалхэр егъэфIэкIуэным, дзэ Iуэху хэхам шыIэкъэмрэ абыхэм я унагъуэхэмрэ зэщIэгъэкъуэным, нэгъуэщIхэмкIи» федеральнэ законхэм я проектхэр - УФ-м и Къэрал Думэм яхъщыхьэхэр.

ЗэIуцIэм щагъэбелджылащ КъБР-м и Парламентыр 2026 гъэм гъатхэ лэжьыгъуэм зэпэжьну Iуэхугъэ нэхъыщхьэхэр.

Егоровэ Татьянэ хабзэгъэбзэныгъэ Iуэхущlапlэм 2025 гъэм зэфIигъэкIар зэIуцIэм къыщызэIущIкъуэжащ. Абы жиIащ Хэку зауэшхуэм Тедзэныгъэ къызэрыхэкIыжа цIыхухэм дзэпкъэу Iэнатlэ зэрагъэкIуэным, нэгъуэщIхэмкIи.

Псалъэм папщIэ, Хэкум и хъумакlуэхэм дзэпкъэухэу зэрахъэху Iэнатlэм ящыщу транспорт налогыр Хэку зауэшхуэм хэтхэм, Социалист Лэжьыгъэм и Лыхъужьхэм, «Щы-хьым и дамыгъэ» орденыр зыхуагъэфащахэм щыщIа-хащ, дзэ Iуэху хэхам хэтхэм пщIэншэу щIы Iыхьэ щратакlэ, илъэсищкlэ абы щыпсэун хуейуэ ягъэув мардэм зэхъуэкIыныгъэхэр халъхьащ. «Егъэджэныгъэм теухуауэ» КъБР-м и законым хагъэхьащ дзэ Iуэху хэхам хэтхэм е хэкIуэдахэм я бынхэу Iэщlагъэ къыздыщlах къэрал еджапlэхэм щIэсхэм ят уасэм и ныкъэр хуатыным епхауэ.

Текlуэныгъэр илъэс 80 щрикъу илъэсым хабзэубзыхуэ Iуэхущlапlэм къищтащ «Зауэм и бынхэм ятеухуауэ» КъБР-м и законыр. Абы зауэм и бынхэр зэрагъэбелджылы щIыкlэмрэ апхуэдэхэм ират дэлэпыкъуныгъэхэр щыубзыхуащ. Щlалэгъуалэ Iуэхухэм, Кельэм Iэ, езыхэм унэ къащIэхужьын хуэдэу, ахъшэ ирату ящIащ. Щэнхабзэм зегъэужьыныным, хамэ къэралхэм щыпсэу ди хэкуэгъухэм я анэдэлъхубзэхэр яхъумэныкlэ щIэгъэкъуэн яхъумэныкlэ щIэгъэкъуэн зыбжанэ къащтащ. Адрей илъэсхэми хуэдэу, КъБР-м и Парламентым гулъытэ хэлъ хуищIащ УФ-м и Къэрал Думэм зэрызыхуигъэза жэрдэмхэр къащтэныр. Республикэм и хабзэгъэбзэ Iуэхущlапlэм и жэрдэмкIэ, къулыкъу пэрыту хэкIуэда зи гъэзэныр зэрыщIэхъуэпсыр, а хуитыныгъэ и унагъуэм, и щIэблэм хуэзыIуэу зэращIар.

«УФ-м и Президент Путин Владимир дэтIыгъащ 2026 гъэр Урысейм и лъэпкъхэм я зэхъуэкIыныгъэм и илъэсу гъэувыныр. Абы къикIращи, лIэщIыгъуэкIэрэ тхэпльа экъупсагъэр, щэнхабзэ хъугъэ-фIыгъэкIэ тхъумэн, кэралым и зыужьныныгъэм дытелэжьэн хуейщ. Ди Хэкум и къэрэ - щыхъуэм я зэкъуэгъэ

Экономикэ Политикэ

Махуэку

Кавказ Ищхъэрэ Жылагъуэ Iуэху

И благъэхэм къулыкъукIэ яхуоупсэ

Танзанием и президентыщIэ Сулуху Самие министр къулыкъуу къэралым иIэм и благъэхэр тригъэуващ.

ТАНЗАНИЕР Африкэ КъуэкIыпIэмкIэ щыIэ къэралыгъуэщ. Ар 1964 гъэм къэунэхуауэ щытащ Танганьикирэ Занзибаррэ зэгуагъэхьэри. Псалъэм къыдэкIуэу, курыт еджапIэм географиемкIэ щыдджа, нэхъ лъагэ дыдэу дунейм тет бгыр - Килиманджаро, Серенгети лъэпкъ паркыр, Викторие гуэлыр здэщыIэр аращ.

Сулуху Хасан Самие Занзибар султIаныгъуэм къыщалъхуащ, 1977 гъэм еджапIэр къиухри, къэрал Iуэхухэр убзыхунымрэ зегъэужьынымкIэ министерствэм лэжьапIэ уващ. 1986 гъэм абы къиухащ Менеджментым зегъэужьынымкIэ институтыр. Къэралыр зехьэным хуеджа Самие дунейпсо Iуэху зэмылIэужьыгъуэхэм хэту лажьэурэ, 1992 - 1994 гъэхэм Манчестер университетыр, 2015 гъэм Танзаниемрэ Нью-Гэмпширрэ я университетхэм зэдаубзыхуа экономикэ къудамэщIэр къиухыжащ, экономикэмкIэ магистр хъуащ.

ЩIэныгъэфI зыбгъэдэлъ бзылъхугъэр 2000 гъэхэм Занзибар Палатэм хахащ, а лъэхъэнэм президенту щыта Каруме Амани и унафэкIэ Самие СоюзымкIэ жэуап зыхь и министру Революцэ советым щыхахащ, абы нэхъ улахуэшхуэ къэзыхь цIыхубз политикэм хэмыту. Абдеж щыщIидзэри, унэтIыныгъэ зэмылIэужьыгъуэхэмкIэ министр къулыкъур зэрихьэу лэжьащ ар, къэрал конституцэщIэр зубзыхуахэми жыджэру яхэтащ.

2017 гъэм дунейм ехыжащ Танзанием и президент Магуфули Джан. Ковидым ихьа унафэщIым и пIэ ирагъэуващ а лъэхъэнэм правительствэм и унафэщI къулыкъум тету щыта Сулуху Самие. Апхуэдэу, Танзанием и 6-нэ президент, икIи япэ бзылъхугъэу а щIыхьыр зыхуагъэфэща хъуащ ар.

ЗэрыжаIэмкIэ, Самие оппозицэм хуэткIиищэт, хъыбарегъащIэ IуэхущIапIэхэм трикъузэIуэрт. Псалъэм папщIэ, и хьэрхуэрэгъу партым и унафэщIым и къуэдзэр киберщIэпхъаджагъэ илэжьа хуэдэу иригъэубыдащ, нэгъуэщI хьэрхуэрэгъур президент хэхыныгъэхэр къэмыс щIыкIэ щхьэусыгъуэ гуэркIэ лъэныкъуэ ирагъэзащ.

Дауэ ищIами, 2025 гъэм и жэпуэгъуэм екIуэкIа президент хэхыныгъэхэм Сулуху Самие етIуанэу щыхахыжащ, абы папщIэ процент 97,66-м Iэ яIэта хуэдэу. ИкIи а махуэм Сулуху и бийхэм зыкъаIэту щIыпIэ-щIыпIэкIэ зэрыщызэхэтам зыри къикIакъым.

Унагъуэщ, и щхьэгъусэр къызэрыгуэкI лэжьакIуэщ, быниплI иIэщ.

Танзанием и президенту зэрыхахыжу Самие министр зыбжанэ тригъэкIри, и бынхэмрэ абыхэм я щхьэгъусэхэмрэ, езым къыдалъхуахэмрэ и благъэ дыдэхэмрэ къулыкъу нэхъыщхьэхэр ятригуэшащ. Апхуэдэу, егъэджэныгъэмкIэ министрыр - ипхъущ, узыншагъэр хъумэнымкIэ министрыр - и малъхьэщ, финансхэмкIэ министр хъуар - и шыпхъум и щхьэгъусэрщ, ипхъу етIуанэр - премьер-министрым и къуэдзэщ, лэжьыгъэмкIэ министрыщIэр - и шыпхъу бынщ.

Урысейм жыджэру къыдолажьэ Танзаниер. Псалъэм папщIэ, а къэралыгъуэм щыщу УФ-м щеджэ студентхэм я квотэм хагъэхъуащ иджыблагъэ. «Росатом» къэрал корпорацэм и унафэ щIэт «Мантра» уран заводыщIэр къыщызэIуахам, Урысейм и лIыкIуэу Танзанием щыIэ Аветисян Андрей жиIащ 2026 гъэ еджэгъуэм а къэралыгъуэм щыщу студенти 150-рэ мыбы къэкIуэну зэрыхуитыр. Нэхъапэм 90 къэрагъэблэгъэфу арат. Сулуху Самие абы теухуауэ къулыкъущIэм псалъэ гуапэ къыжриIащ, фIыщIэшхуэ къызэрыхуищIыр Путиным къылъагъэIэсыжынуи лъэIуащ.

Урысейм и бзылъхугъэ нэхъыжь дыдэр

УФ-м и Соцфондым къызэритымкIэ, Урысейм и цIыхубз нэхъыжь дыдэр Шэшэн Республикэм щыщщ, ар 1905 гъэм къалъхуащ, нобэкIи илъэси 120-рэ мэхъу.

ЦIЫХУ нэхъ узыншэхэмрэ гъащIэ кIыхьхэмрэ ятеухуауэ ирагъэкIуэкI къэпщытэныгъэхэм къызэрагъэлъэгъуамкIэ, Кавказ Ищхъэрэм и щIыналъэхэм 9-рэ зэкIэлъхьэпыту бжьыпэр яубыдащ. УФ-м Узыншагъэр хъумэнымкIэ и министр Мурашкэ Михаил нэхъапэIуэкIэ зэрыжиIамкIэ, Кавказ Ищхъэрэм щыпсэухэр псом нэхърэ нэхъ узыншэщ, нэхъыбэри мэпсэу ерыскъы узыншэ зэрашхым и фIыгъэкIэ.

Дыгъэгъазэм и 1-м Ярослав областым и губернатор Евраев Михаил жиIащ Урысейм и цIыхубз нэхъыжь дыдэу 5-м ящыщ Гадючкинэ Клавдие и ныбжьыр илъэси 115-рэ ирикъуным махуиплI фIэкIа имыIэжу дунейм зэрехыжар. Абы революцэу 2, дунейпсо зауэу 2 и нэгу щIэкIат, къэралыр къутэжурэ «яжьэм» къызэрыхэтэджыкIыжам и щыхьэтт.

Мылылъэхэр мэткIу

Гу зэрылъыттащи, щIымахуэ щыIэжкъым. Хуэм-хуэмурэ щIыIэм кIэроху, уэси къесыжкъым, дунейр зэщIэщтыхьауи иужь дыдэу щытлъэгъуар тщIэжкъым. Илъэс 30 ипэкIэ щIэныгъэлIхэм зи гугъу ящIу щыта дунейпсо хуабэм и Iэужьыр ди нэгу щIокI.

АР къызыхэкIыр курыт еджапIэм щIэсхэм 1-нэ классым щыщIэдзауэ «щIыуэпс» дерсымкIэ ядж. Арами, къахузэтемыгъэувыIэжу, дунейм и щытыкIэм зехъуэж. ЦIыхум уэгум ириутIыпщхьэ Iугъуэмрэ гъуэзымрэ я ягъэкIэ, ЩIым къытепсэ дыгъэпсым хьэршым имыгъэзэжыфу къытонэ, егъэхуэбащэри мылылъэхэр егъэткIуж. Абы дунейпсо хым зыкърегъэIэт, щIыуэпсым зрегъэхъуэж, псэ зыIуту хъуам къатохьэлъэ.

Европэмрэ Америкэмрэ я климатологхэм зэрыжаIэмкIэ, адэкIи апхуэдэу щытынумэ, ЩIым илъэс къэс къыщывыжынущ мылылъэ мини 4-м нэс.

- Къущхьэм илъ щIымылхэр тхуэхъумэнукъым, зыкIи тхузэтеIыгъэнукъым. ДыIэмалыншэщ. МэткIуж Альпхэмрэ Кавказымрэ щыIэ мылъылъэхэр, - жеIэ ТехникэмкIэ Швейцарием и еджапIэ нэхъыщхьэм и щIэныгъэлI фон Трихт Ландер.

Абы и псалъэхэм тепщIыхьмэ, 21-нэ лIэщIыгъуэм и кIэм ирихьэлIэу дунейпсо хуабэм градуси 4-кIэ хэхъуэмэ, мылылъэу щыIэр ткIужынущ, къанэ щымыIэу. Ар нэхъ хьэлъэу зыжьыхэуэнур Альпхэр, Кавказыр, Андхэрщ. Мы щIыпIэхэм илъэс 1020-кIэ щыкIуэдынущ мылыр.

ЦIыхум уэгум ириутIыпщхьэ гъуэзыр имыгъэмащIэмэ, щIыуэпсым лей ирихыныр щимыгъэтмэ, мылылъэхэр ткIужынурэ, цIыхур зэфэн псы къабзэ иIэжынукъым. Европэм и щIымыл мини 3,6-м щыщу 20 къудей къэнэжынуращ, США-м щыIэм и процент 99-р, Азие Курытымрэ Андхэмрэ я процент 95-р ткIунущ.

ТракторыщIэ нэхъ къищтат

УФ-м и Журналистхэм я зэгухьэныгъэм хэт, Балъкъэр Ипщэм и курыт еджапIэм урысыбзэмрэ литературэмкIэ и егъэджакIуэ Темукуев Адил къытхуиIуэтэжащ мы хъыбарыр.

ЖЬЫ хъуа цIыхур зэрыпсэур и гукъэкIыжхэмкIэщ. Насыпыр къысхуэупсащ гъунэгъуфIкIэ. Мустэфа, си гъунэгъу лIыжь Iущыр, губгъуэм щылажьэу ихьащ и гъащIэр, и зэманыгъуэми пэрыту, мэкъуэшыщIэ цIэрыIуэу щытащ. Абы фIыщIэ, щытхъу тхылъу, нагъыщэу, цIэ лъапIэу иIэм ущIэмыупщIэ... КъБАССР-м щIыхь зиIэ и механизаторщ!

Арами, сризэгуоуд апхуэдиз щытхъумрэ тхылъ лъапIэхэмрэ зэрымыхьэнэншэм. Сом бжыгъэ пенсэм къыхимыгъахъуэмэ, нэгъуэщI зыкIи зэрымысэбэпым.

ТетIысхьэпIэм тесу и зэманыгъуэр игу къигъэкIыжыну фIэфIщ Мустэфа. Абы къиIуэтэжахэм ящыщ зым си щхьэфэцым зригъэIэтащ. Зэман кIэщIым къриубыдэу цIыхухэм я гупсысэкIэм зэрызридзэкIыфыр нэрылъагъуу къэзыIуатэ а хъыбарыр фхуэсIуэтэжыну сыхуейт сэри...

ЕхьэкI-къехьэкI хэлъыжкъым Iуэхум: хэкупсэ жыхуэтIэр цIыхум IэщIыб езыгъэщIар ахъшэрщ, мылъкурщ, щхьэхуещагъэрщ. Зыр адрейм дэIэпыкъун, и Iуэхур диIыгъын, зыщIигъэкъуэн хуейуэ ящIэжыркъым, гъащIэм апхуэдэ щытыкIэ干 дригъэуващи. Ауэ, псоми дощIэж, нэхъапэм апхуэдэу щытакъым.

1968 гъэм и гъатхэр уэлбанэрилэт. Вэн-сэныр яублащ, ауэ уэтIпсытIщи, хуиту губгъуэм уригъэткъым. Республикэм и унафэщIхэм къыхалъхьат вакIуэхэр зэпрагъэуэнуи, уэфI къыщыхъум, япэщIыкIэ къуажэхэм щызэпеуэри, фIым я нэхъыфIыжу вакIуэ 24-рэ республикэпсо зэпеуэм щызэрихьэлIащ. ДауэдапщэрщекIуэкIыр Шэджэм къуажэрт. Пхъэидзэ ящIри, дэтхэнэми ивэн хуейуэ къылъыса щIы гектарым екIуэлIащ. Зэпеуэр щIадзэн ипэ, тракторхэр къэплъыхьын хуейт. Зыгуэрым и кабинэм цIырхъ хъуа ток кIапсэ къыщагъуэтати, абы и зэранкIэ занщIэу балли 10 кIэрагъэхуащ. КъыкIэлъыкIуэу езы трактористхэр зэпаплъыхьащ: зэрыхуэпар, я теплъэр, я гукъыдэжыр - сытми мыхьэнэ иIэт. КъэпщытакIуэ гупым я нэхъыщхьэр партым и обкомым и унафэщIрати, Iуэхум джэгу хэлъынутэкъым. КъищынэмыщIауэ, Правительствэм, Совет Нэхъыщхьэм и президиумым хэтхэм щыщи кърагъэблэгъат.

Зэпеуэр сыхьэти 10-м щIидзащ. Вэн зэраухыу, Мэлбахъуэ Тимборэ линейкэ къищтэри, щIыр зэрыратIыха кууагъыр къипщащ. КъэпщытакIуэхэм къагъэнэIуащ зэпеуэм щытекIуахэр. Обкомым и япэ секретарыр трактористхэм зырызу ябгъэдыхьэурэ, я Iэр иубыдырт, ехъуэхъурт. Абы и щIыбагъ къыдэтт и дэIэпыкъуэгъур, тхылъ кIапэрэ къалэмрэ IэщIэлъу. Мэлбахъуэр зи Iэ иубыдым еупщIырт нэхъ зыхуэныкъуэмкIэ, унафэщIхэм елъэIуну нэхъ зыщIэхъуэпсымкIэ: машинэ, фэтэр, телевизор, щIыIалъэ.

«СызэрылIэжынум хуэдэу си фIэщ хъурт сыт иIыс дыщIэлъэIуми Мэлбахъуэм ар къызэрытхуищIэнур. Ауэ зы цIыхум и жьэ къекIуакъым къалэм фэтэр къыщратыну е машинэ тыгъэ къыхуащIыну!», - жеIэ Мустэфа.

«Унэ диIэщ, трактор диIэщ, машинэ дыхуейкъым», - жаIэрт абыхэм зы жьэу. Ауэ къахэкIащ зы щIалэ закъуэ, и хъуэпсапIэ нэхъ ин дыдэмкIэ унафэщIхэм закъригъэщIэну лIыгъэ къызыкъуэкIар. «Си къару къызэрихькIэ солажьэ, Тимборэ Кубатиевич! Ауэ сызэрыхуейм хуэдэу псори схузэхуэгъэхъуркъым, си тракторыр жьы дыдэ хъуащи. Сэ псынщIэу, куэду, фIыуэ сылэжьэну сохъуапсэ. Фи фэтэрми сыхуейкъым - унэ сиIэщ, машинэри зыуи сщIынукъым - зыщIыпIи сыкIуэркъым. Хэкум сэбэп сызэрыхуэхъун тракторыщIэ къызэфт. СыщIалэжкъым, къысхуэнэжам къэралым хуэзлэжьыну сызыхуейр хуэзвгъэгъащIэ!» - жиIащ абы. Сэ абы сыкъыбгъэдэтти, асыхьэтым Мэлбахъуэм и нэгум къища гухэхъуэ иныр слъэгъуащ. Зэи сигу ихужынукъым абы и нитIыр! Тимборэ а щIалэм быдэу IэплIэ хуищIри, жиIащ: «И насыпщ уэ ущалъхуа щIыналъэм!».

Мустэфа ищIэжыркъым а трактористым и цIэ-унэцIэр, ауэ шэч къытрихьэркъым ар Алътуд зэрыщыщым. «Адыгэ щIалэ екIут ар, лъагэ хъужауэ, сэ нэхърэ илъэси 10 - 15-кIэ нэхъыжьыну. МазитI дэкIри, щIалэм и цIэр тету Мэлбахъуэм тракторыщIэ къритащ абы. ИужькIэ куэдрэ губгъуэм сыщрихьэлIащ сэ а щIалэм. Абы нэхъ насыпыфIэ дунейм темыт нэхъей гуфIэрт. Уеблэмэ, фэтэррэ машинэрэ зэщIыгъуу иратамэ, апхуэдизу насыпыфIэ ирихъунтэкъым», - жеIэ лIыжьым.

ЗгъэщIагъуэ пэтми, къысхуэIуэтэщIыркъым ар. Сыт и уасэт а лIыр пцIыхуну! Пэжщ, зэманышхуэ дэкIащ, ар куэд щIауэ дунейм ехыжагъэнри хэлъщ. Ауэ, бын, къуэрылъху, пхъурылъху иIэ хъунщ, алътуддэсхэм ящIэжу къыщIэкIынщ абы и цIэр.

МылIэ-мыпсэу налъэхэр

БжьыхьэкIэмрэ щIымахуэмрэ уз зэрыцIалэхэм я «IутIыжщ». ЦIыхухэр куэд щIауэ щыгъуазэщ уз зэрыцIалэхэм, ауэ ахэр къызыхэкIри зищIысри ящIэртэкъым. ЩIэныгъэмрэ техникэмрэ заужьа нэужь, еджагъэшхуэхэмрэ дохутырхэмрэ а узыфэхэр зэуэлIахэм кIэлъыплъ зэпытурэ къахутащ вирус, бактерие зэмылIэужьыгъуэхэр зэрыщыIэр. Япэ дищынщи, къыхэдгъэщынщ, вирусымрэ бактериемрэ зэрызэщымыщыр, къагъэхъей узыфэхэри, дэтхэнэри зэрагъэхъуж хущхъуэхэри зэрызэхуэмыдэр. Нобэ зи гугъу тщIынури, иджыпсту дуней псор нэхъ къыхэзыгъэзыхьырщ - вирусырщ.

СЫТ-ТIЭ, вирус хъужыр, дауэ ар зэрызэпкърылъыр, сыт и хущхъуэгъуэ?

19-нэ лIэщIыгъуэм бактериехэр зэрыщыIэмрэ абыхэм къагъэхъей узыфэхэмрэ щIэныгъэлIхэр тетхыхьа нэужь, гурыIуэгъуэ хъуащ бактериехэм къинэмыщIауэ иджыри щхъухь налъэ гуэрхэр зэрыщыIэр. А щхъухь зыщымыгъуазэхэм къагъэхъей узыфэхэмрэ ахэр зэрагъэхъуж хущхъуэхэмрэ алъандэрэ яджахэм зэрахуэмыдэр.

ЛатиныбзэкIэ вирусым къикIыр гын, щхъухь жиIэу аращ. Биологие и лъэныкъуэкIэ укъеплъмэ, вирусыр мылIэ-мыпсэущ. Сыту жыпIэмэ, гъащIэр къызэрыунэхужа белокыр ешэкIащ абы, къищынэмыщIауэ, вирусыр къызыхуигъэщIамрэ зищIысымрэ къэзыIуатэ ДНК-рэ РНК-рэ кIуэцIылъщ. Абы и лъэныкъуэкIэ псэ Iутщ. НэгъуэщIу укъеплъмэ, вирусым Iэпкълъэпкъ имыгъуэтмэ, зиужьыркъым, зыкIи зэранкъым. А налъэ цIыкIум щхъухьу кIуэцIылъыр къыщиутIыпщри зыкъыщызыкъуихри лъы игъуэтмэщ. Мис итIанэ абы хузэфIэкIынущ цIыхур иукIыну. КъищынэмыщIауэ, вирусыр щопсэуф къэкIыгъэхэм, псэущхьэхэм, Iэгъэбэгухэм, бактериехэм я пкъым.

Вирусыр Iэпкълъэпкъым зэрынэсу тIасхъапIэ мэлъыхъуэри, абы япэу «йоуэ». Мы щхъухьым фIэфIщ цIыхум и узыншагъэр махэ хъуамэ.

Вирусым и лIэужьыгъуэм елъытауэ, ар зэуэлIам и лъэр щIоху, плъыржьэрым хедзэ (Iэпкълъэпкъыр нэхъ пщтырыху вирусыр нэхъ хьэлъэу аращ), и щIыфэр къолъэлъ, щхьэкуцIыр шын мэхъу, щIыIэ техьэгъуэм еубыд, ныбажэ, къарууншэ мэхъу, мышхэфу, къэжьу, и щхьэр узу къонэ. НобэкIэ вирусхэм къагъэхъей узыфэу цIыхум ецIыху гриппыр, фэрэкIыр, жьэгъущIэсыр, техьэгъуэр, фэгъазэр, тэмакъ узыр, полиомиелитыр, тэмакъ шыныр, гепатитыр, хуабэузыр, сифилисыр, энцефалитыр, щIыфэкъилъэлъыр, хьэщхьэрыIуэ узыр.

Къыхэгъэщыпхъэщ цIыхум зэ сэбэп къыхуэхъуа хущхъуэр етIуанэ гъуэгу къызэрыхуэмыщхьэпэнур. Сыт щхьэкIэ жыпIэмэ, ищхьэIуэкIэ зэрыжытIащи, вирусым «иращIар» щыгъупщэркъым, кърахьэлIа хущхъуэм зэрыпэщIэувэн, абы зэрызыщихъумэн Iэмалхэр «къегупсыс», нэгъуэщI сэфэт йоувэри, хущхъуэщIэ къыхуэгупсысын хуей мэхъу.

Дауэ вирусым зэрызыщыпхъумэфынур?

ЗэрыжытIащи, вирусыр щыбагъуэри зыщиужьри лъыращ. Абы къыдэкIуэуи вирусым и хущхъуэ нэхъыщхьэ дыдэри - лъырщ!

Лъыр гъэщIэгъуэну зэхэлъщ. Абы хеубыдэ плазмэ, тромбоцит, лейкоцит, эритроцит жыхуэтIэхэр, нэгъуэщIхэри. Лъым и къалэн нэхъыщхьэр - цIыхум шхыным, псым, хьэуам къыхих къарур, къэуатыр, кислородыр Iэпкълъэпкъым лъигъэ-

сынырщ, вирусхэмрэ уз зэмылIэужьыгъуэхэмрэ ебэнынырщ. Хущхъуэншэу зегъэкъэбзэжыф лъым. Апхуэдэу, лейкоцитхэм Iэпкълъэпкъым къеуэлIа узымрэ вирусхэмрэ е «хэлIыкIа» клетхэхэр къаухъуреихьри, «йозауэ, яшх». ИужькIэ ар гъутхьэпсым хэлъу Iэпкълъэпкъым къыпкърокIыж. Апхуэдэхэм деж цIыхур плъыржьэр мэхъу. ЦIыхур есащ плъыржьэрым зэрыхидзэу, температурэр езыгъэх хущхъуэ ефэу. Ауэ ар тэмэмкъым. Температурэр дэкIуеямэ, лъыр узым ебэну аращи, градус 38 - 38,5-м нэмысауэ ебудых хъунукъым. Армыхъумэ, узыфэ зыубыдам пэщIэува, «зыкъэзыIэта» лъыр бгъэужьыхыжмэ, вирусыр текIуауэ бжы.

Лъым и сыт хуэдэ пкъыгъуэми къалэн щхьэхуэ егъэзащIэ: эритроцитхэм лъышэр (кислородыр) кърахьэкI, лейкоцитхэм микробхэмрэ вирусхэмрэ яукI, цIыхум лъы щIэкIмэ, тромбоцитхэр уIэгъэм деж щызэхуосри, лъыр къагъэувыIэ, плазмэм къэуатыр Iэпкълъэпкъым лъегъэIэс. ИкIэмикIэжым дакъикъитху къэс лъыр жьэжьейхэм ягъэкъэбзэж.

Къапщтэмэ, лъыр куэдрэ псэукъым. Эритроцитхэр мазиплI, тромбоцитхэр махуи 10, лейкоцитхэр махуи 6 - 9 къэс мэкIуэдыж. Дэнэ-тIэ лъыр къыздикIыр апхуэдэу щыхъукIэ?! НэхъапэIуэкIэ къызэрыхэдгъэщащи, лъыр къыщыунэхур къупщхьэ гъуанэхэм илъ куцIырщ. Сабий къалъхуагъащIэхэм къупщхьэу хэлъым лъы къабзэ къагъэщI, балигъым и къупщхьэшхуэхэращ лъыр къыщежьэр.

ЩыIэщ хущхъуэкIэ яхуэмыгъэхъуж узыфэ зэмылIэужьыгъуэхэр. Апхуэдэхэм деж цIыхум и лъыр зэрыщыткIэ яхъуэжын хуей мэхъу.

ЦIыхум вирусыр къытемыкIуэн папщIэ щыIэщ вакцинэ зыбжанэ. Ауэ псоми я нэхъыщхьэр - уи узыншагъэр бгъэбыдэнырщ. Сыту жыпIэмэ, Iэпкълъэпкъ узыншэм вирусыр итIысхьэркъым, зэрыпэмылъэщынур ещIэри.

«Махуэкум» и къыдэкIыгъуэр зыгъэхьэзырар **ФЫРЭ Анфисэщ.**

Урысей Федерацэм и ТхакIуэхэми Журналистхэми я зэгухьэныгъэхэм хэт Къантемыр Тыркубий и ныбжьыр дыгъэгъазэм и 27-м илъэс 85-рэ ирикъунущ.

КЪАНТЕМЫР Тыркубий Къэрэшей-Шэрджэсым хыхьэ Куэшхьэблэ къуажэм 1940 гъэм къыщалъхуащ. Курыт еджапIэ нэужьым абы и щIэныгъэм щыхигъэхъуащ Къэрэшей-Шэрджэс педагогикэ институтым. 1965 гъэм «Ленин нур» (иджы «Черкес Хэку») газетым ирагъэблагъэри лэжьэн щыщIидзащ икIи гукIи псэкIи фIыуэ илъагъу а IэнатIэм илъэс 45-кIэ пэрытащ, журналист лэжьыгъэм и зыужьыныгъэм хэлъхьэныгъэфIхэр хуищIу. Тыркубий журналист зэрыхъуамкIэ фIыщIэ зыбгъэдэлъыр и адэращ. Хэку зауэшхуэм къикIыжа нэужь, 1946 гъэм къыщыщIэдзауэ илъэс плIыщIым щIигъукIэ ар адыгэ газетым хуэтхэу, абы пыщIэныгъэ хуиIэу къекIуэкIащ. Ар зылъэгъуа къуэр адэм щапхъэ трихащ.

Жэуаплыныгъэ пылъу и IэнатIэр зэрырихьэкIым къыхэкIыу корреспонденту щIэзыдза щIалэр япэщIыкIэ корреспондент нэхъыжь, иужькIэ письмохэмрэ газетеджэхэм ядэлэжьэнымкIэ къудамэм и унафэщI хъуащ. Къызэгъэпэщак1уэ IэкIуэлъакIуэу зыкъэзыгъэлъэгъуа Къантемырым икIэщIыпIэкIэ хузэфIэкIащ газетым и къудамэм и лэжьакIуэхэмрэ абы къатхэхэмрэ яку дэлъ зэпыщIэныгъэр нэхъри игъэбыдэн икIи зригъэужьын. НэгъуэщI щIыпIэхэм къикI тхыгъэхэр къагъэхь щыхъум, газетым и щIэупщIэм нэхъри хэхъуащ, и купщIэри ефIэкIуащ, цIыхубэм нэхъ щIэщыгъуэ, еджэгъуафIэ ящыхъуащ. А псом къадэкIуэуи газетым Iэ тезыдзэхэмрэ къатхэхэмрэ я бжыгъэр нэхъыбэ зэрыхъуами абы и фIыгъэ куэд хэлъщ. КъыжыIапхъэщ, Тыркубий журналистхэмрэ газетеджэхэмрэ я зэIущIэ гъэщIэгъуэнхэр, конференц щхьэпэхэр, газетеджэхэм я махуэ гукъинэжхэр къызэрызэригъэпэщыр. Мазэ къэс абы игъэхьэзырт "Дэ къытхуатх", "Ди пощт" псалъащхьэхэм щIэт напэкIуэцI купщIафIэхэр.

Зи IэнатIэм хуэпэж, зи гуащIэ емыблэж лэжьакIуэ гумызагъэр щэнхабзэмкIэ къудамэм и унафэщI щыхъуами и пщэрылъхэр псэемыблэжу игъэзэщIащ. Редакцэм жэуап зыхь и секретарь, редактор нэхъыщхьэм и къуэдзэ къулыкъухэм ар пэрытащ илъэс блырыблкIэ.

ТхакIуэ Iэзэр ящыщщ шэрджэс литературэр зыгъэбеяхэм, зыгъэбжьыфIахэм. Апхуэдэщ и очеркхэмрэ гъуэгуанэ тхыгъэхэмрэ щызэхуэхьэса «Абыхэм я гъащIэр» (1977 гъэ), «Кулизар мэIэзэр» (1978 гъэ), «СыгушыIэуи, си фIэщуи» (1997 гъэ), «Пата - легенда мудрости Кавказа» (1996 гъэ), адыгэбзэкIи урысыбзэкIи къыдигъэкIа «Фыкъыддежьу» (2017 гъэ), «Пойте с нами» и тхылъхэр. Иужьрейм нотэхэри ящIыгъужу итщ Тыркубий и псалъэхэр зыщIэлъ уэрэд 20-м щIигъу. «ЦIыкIуэхэм жаIэ...» псалъащхьэм щIэту абы игъэхьэзыращ и тхыгъэ кIэщIхэр щызэхуэхьэса тхылъ щхьэхуэр. И тхыгъэ зыбжанэ хагъэхьащ адыгэ литературэр еджапIэхэм зэрыщрагъэдж программэм.

Тыркубий ящыщщ нэгъуэщIхэм яхэмыгъуащэу зи хъэтI зиIэжу къэгъуэгурыкIуэ тхакIуэ зырызхэм. И япэ лъэбакъуэхэр усэхэмрэ очеркхэмкIэ лъэпкъ литературэм хичами, иужьым ар хуэкIуэжащ куэдым ягу дыхьэ гушыIэхэмрэ ауанхэмрэ. А тхыгъэхэр тхылъеджэхэм ягу щIынэс щхьэусыгъуэхэм ящыщщ ахэр къэгупсыса хъыбар мыхъуу, гъащIэм пэжу къызэрыщыхъуар, езыр зэрырихьэлIар. ЗэрытщIэщи, адыгэм ауанымрэ гушыIэмрэ и щIасэщ. ТхакIуэм и ауанхэмрэ гушыIэхэмрэ цIыхухэм я ныкъусаныгъэхэр гъуджэм хуэдэу ирегъэлъагъуж, гъэсэныгъэ мыхьэнэм къыдэкIуэу, фIым, гуапагъэм, дахагъэм хуагъэуш. Абы и гушыIэ Iуэтэж цIыкIухэм новеллэ нэщэнэхэр яхэлъщ: узыпэмыплъэ жэуап е къэхъукъащIэ ущрохьэлIэ. Абы и IэдакъэщIэкI купщIафIэхэм кууэ къыхощ адыгэ щэнхабзэм, анэдэлъхубзэм, IуэрыIуатэм я къулеигъэхэр.

Балигъхэм щхьэкIэ итха гушыIэ Iуэтэж кIэщIхэм я бжыгъэр нэхъ мащIэщ сабийхэм яхуигъэзахэм нэхърэ. Ахэр нэхъыбэу зытеухуар еджапIэхэм щекIуэкI-къыщыхъу Iуэхугъуэхэрщ. КъищынэмыщIауэ, и адыгэ хэкум, фIыуэ илъагъу и лъэпкъым, къыщыхъуа къуажэм, фIылъагъуныгъэм, нэгъуэщIхэм триухуа и усэхэр зэIэпахыу цIыхубэм ягъэзащIэ, Къэрэшей-Шэрджэсым, Къэбэрдей-Балъкъэрым, Адыгейм я уэрэдусхэмрэ композиторхэмрэ макъамэхэр щIалъхьауэ.

Къантемыр Тыркубий и лэжьыгъэфIым и пщIэр Къэрэшей-Шэрджэсым и мызакъуэу Урысейми, нэгъуэщI щIыналъэхэми къыщIалъытащ. Абы и щыхьэтщ «Къэрэшей-Шэрджэс Республикэм щэнхабзэмкIэ щIыхь зиIэ и лэжьакIуэ», «Адыгэ Республикэм щIыхь зиIэ и журналист» щIыхьыцIэхэр къызэрыфIащар, «Печатым и отличник» щIыхь дамыгъэр, «ГуащIэдэкIым и ветеран» медалыр, «Пата - легенда мудрости Кавказа» и тхылъым папщIэ республикэм и Iэтащхьэ Темрезов Рашид и саугъэтыр, Музыкэ гъуазджэм хуищIа хэлъхьэныгъэхэмрэ а унэтIыныгъэм щиIэ ехъулIэныгъэхэмрэ папщIэ «Дыщэ микрофон» саугъэтхэр къызэрыхуагъэфэщар. КъищынэмыщIауэ, Къантемырыр республикэ журналист зэпеуихым я лауреатщ, УФ-м и Журналист зэгухьэныгъэр илъэс 80 щрикъуам УФ-м и Журналистхэм я зэгухьэныгъэм и ЩIыхь тхылъыр къратащ.

Мы зэманым пенсэм тIысыжауэ зигъэпсэхуми, Тыркубий и тхэныр зэпигъэукъым. Къыщыхъуа Куэшхьэблэ къуажэмрэ зыщыщ Къантемыр лъэпкъымрэ ятриухуа тхылъхэм, «Сабийхэм жаIэ» тхылъ цIыкIум гупсэхуу илъэс зыбжанэкIэ елэжьащ икIи а Iэрытххэр къызэрыдигъэкIынум хуигъэхьэзыращ. Нэхъыжь Iущ, тхакIуэ, журналист набдзэгубдзаплъэ, нэхъыщIэхэм я ущиякIуэ, цIыхугъэмрэ адыгагъэмрэ я щапхъэгъэлъагъуэ Къантемыр Тыркубий узыншагъэ быдэ иIэу, и къалэмыр мыкIуэщIу иджыри илъэс куэдкIэ лъэпкъым хуэлэжьэну ди гуапэщ.

ТЕКIУЖЬ Заретэ.

Тхылъ дапхъэри зы Iэмалщ

КъБР-м и ТхакIуэхэм я зэгухьэныгъэм и правленэм и хэщIапIэм (Налшык къалэ, Головком и уэрам) деж щагъэуващ тхылъ дапхъэ.

Абы иращIэкIа зэхыхьэм КъБР-м и ТхакIуэхэм я зэгухьэныгъэм и правленэм и унафэщI Бейтуганов Исмэхьил зэрыщыжиIамкIэ, мы Iуэхур къыхалъхьащ тхылъеджэхэм я бжыгъэм, лъэпкъ тхакIуэхэм я IэдакъэщIэкIхэм яIэ щIэупщIэм, щIыналъэм и тхакIуэхэм я пщIэм хагъэхъуэн, я тхыгъэхэм щагъэгъуэзэн папщIэ.

- Кавказ Ищхъэрэм и щIыналъэ псоми лъэпкъ тхакIуэхэм я тхыгъэхэм тегъэщIа мыпхуэдэ дапхъэхэр щагъэувыну и чэзууэ къызолъытэр, лъэпкъ литературэр нэхъыбэм ящIэн папщIэ. Ди жагъуэ зэрыхъунщи, щIалэгъуалэр нэхъыбэу зэджэр хамэ къэрал тхакIуэхэм я IэдакъэщIэкIщ. Абы дэри ди къуаншагъэ хэлъщ, сыту жыпIэмэ ди тхакIуэхэм я тхылъхэр тыкуэнхэмрэ библиотекэхэмрэ щIалъхьэфыркъым, я бжыгъэр мащIэу къызэрыдэкIым папщIэ. Нэхъыбэу я ныбжьэгъухэм, лэжьэгъухэм, благъэхэм, Iыхьлыхэм ирихуоупсэри зэфIокI, - жеIэ Бейтугановым. - Абы и лъэныкъуэкIэ мы дапхъэр зи гугъу тщIы Iуэху зэIумыбзхэм я хэкIыпIэ хъунум зыгуэркIэ щхьэпэну къызолъытэ. Мыр тхакIуэхэмрэ тхылъеджэхэмрэ я зэхуэсыпIэ хъуну сыщогугъ. Гу лъыттащ гупыж зыщI языныкъуэ тхакIуэхэм я IэдакъэщIэкIхэр къахьурэ дапхъэм къызэрытралъхьам. Апхуэдэхэм фIыщIэ яхуэфащэщ. Тхылъ тедзапIэм и лэжьакIуэхэми мы дапхъэм щыщ тхылъхэр я лэжьыгъэм къыщагъэсэбэпурэ къахьыж. Гуапэщ мы Iуэхум цIыхухэр къызэрыпэджэжыр, щIэупщIэ зэриIэр. Дызэримыгугъауэ псынщIэу дапхъэм тхылъхэр къытехуташ. УзыгъэгуфIэщ илъэс куэд ипэкIэ къыдагъэкIа тхылъ гъэщIэгъуэнхэр мыбы къызэрыхалъхьар. Лэжьыгъэм иджыри зедгъэубгъуну ди мурадщ. Дапхъэм деж стIолхэр, тIысыпIэхэр щыдгъэувынущ, шей ефапIэ къыщызэдгъэпэщынущ, уэздыгъэкIэ къэдгъэнэхунущ. КIэщIу жыпIэмэ, мыр тхылъ щеджэ егъэзыпIэ тынш хъунущ. ЗэрыжысIащи, тхылъхэм зэпымыууэ я бжыгъэм

къыхохъуэ. КъищынэмыщIауэ, «Нур», «Нюр», «Солнышко» сабий журналхэр, «Литературная Кабардино-Балкария», «Iуащхьэмахуэ», «Минги-Тау» журналхэр, щIыналъэм къыщыдэкI газетхэр мыбдеж щызэхуэтхьэсынущ. Ди зэгухьэныгъэм и бжэхэр дапщэщи зэIухащи, зэрыт ныбжьми емылъытауэ, гупыж зыщI дэтхэнэри къакIуэурэ мы тхылъхэм зыщагъэгъуэзэну, еджэну Iэмал яIэщ.

Бейтуганов Исмэхьил жиIащ 60 - 80 гъэхэм щыIа тхакIуэхэм я тхыгъэхэр къыдагъэкIыжыну, ахэр урысыбзэкIэ зэрадзэкIыным телэжьэну, республикэм и тхакIуэхэм я тхыгъэхэр щызэхуэхьэса тхылъ гъэхьэзырыным гулъытэ хуащIыну, щIыналъэпсо литературэ фестивалрэ зэпеуэхэмрэ къызэрагъэпэщыну зэрамурадыр.

- Тхылъ дапхъэм иджыри дызэрелэжьым гу лъыфтауэ къыщIэкIынщ. Зи тхылъхэр къэзыхь тхакIуэхэм, тхылъеджэхэм фIыщIэ яхуэфащэщ, езыхэр зэджахэмкIэ нэгъуэщIхэм зэрадэгуашэмкIэ, - жиIащ КъБР-м и ТхакIуэхэм я зэгухьэныгъэм и правленэм и унафэщIым и къуэдзэ, зэдзэкIакIуэ, радиожурналист МэремкъулЛарисэ. - Языныкъуэхэр тогузэвыхь тхылъхэр ядыгъункIэ зэрыхъунум. Ядыгъумэ, фIыщ, абыхэм еджэрэ щIэупщIэрэ зэрыщыIэм я щыхьэтщи.

Филологие щIэныгъэхэмкIэ доктор, тхакIуэ ХьэкIуащэ Мадинэ и псалъэм къыхигъэщащ тхылъ дапхъэм теухуа жэрдэмыр зэрыIуэху щхьэпэр. Къалэм дэт тхылъ щапIэхэм лъэпкъ тхакIуэхэм я IэдакъэщIэкIхэр зэрыщIэмылъыжыр, тхылъ тедзапIэм къегъэщIылIа тыкуэнымрэ библиотекэхэм я лъахэхутэ къудамэхэмрэ мыхъумэ нэгъуэщI щIыпIэ ахэр зэрыщомыгъуэтыжыр и жагъуэ зэрыхъур жиIащ.

Зэхыхьэм къыщаIэтащ литературэм и лэжьакIуэхэр зыгъэгузавэ Iуэху зэIумыбзхэр, ахэм я хэкIыпIэ зыхалъагъуэми тепсэлъыхьащ. Апхуэдэу къагъэлъэгъуащ драматургхэр, сабий тхакIуэхэр къызэрыдэмэщIэкIыр, тхакIуэхэмрэ тхылъеджэхэмрэ я зэIущIэхэр курыт еджапIэхэм щыублэжын зэрыхуейр.

БЖЬЫХЬЭЛI Розэ.

Сурэтыр **Къарей Элинэ** *трихащ.*

Отаров Керим ягу къыщагъэкIыж

Темыркъан Юрэ и цIэр зезыхьэ Къэрал концерт гъэлъэгъуапIэм дыгъэгъазэм и 18-м щекIуэкIащ Къэбэрдей-Балъкъэрым и цIыхубэ, усакIуэ, КъБР-м и Къэрал саугъэтым и лауреат, Хэку зауэшхуэм и ветеран Отаров Керим и фэеплъ пшыхь. Абы утыку къыщрахьащ «Жизнь замечательных людей» серием хыхьэу, Гуреев Максим тхакIуэм, режиссёрым, сценаристым иджыблагъэ Москва къыщыдигъэкIа «Керим Отаров» тхылъыр.

• Пшыхьхэр

ЗЭХЫХЬЭР къызэрагъэпэщащ КъБР-м ЩэнхабзэмкIэ и министерствэмрэ КъБР-м и ТхакIуэхэм я зэгухьэныгъэмрэ. Балъкъэр литературэм и лъабжьэр зыгъэтIылъахэм ящыщ усакIуэм теухуа зэхыхьэм зрагъэхьэлIащ республикэм и унафэщIхэм, усакIуэм и тхыгъэхэр фIыуэ зылъагъухэм, литературэм, щэнхабзэм, гъуазджэм я цIыхухэм, жылагъуэ лэжьакIуэхэм, Отаровхэ я лъэпкъым щыщхэм.

IуэхущIапIэм и пэIущIэ пэшым къыщызэрагъэпэщат усакIуэм и гъащIэмрэ гуащIэмрэ теухуа гъэлъэгъуэныгъэ. Абы хагъэхьащ Отаров Керим и лэжьэгъухэм, ныбжьэгъухэм, унагъуэм я гъусэу зытригъэхауэ щыта сурэтхэр. ХьэщIэхэм зыщагъэгъуэзащ усакIуэм теухуауэ къыдэкIа тхылъхэм. Ар ягъэхьэзыращ КъБКъУ-м и библиотекэм и лэжьакIуэхэм.

КъБР-м щэнхабзэмкIэ и министр Къумахуэ Мухьэдин зэхуэсахэм ягу къигъэкIыжащ усакIуэм и гъащIэмрэ и лэжьыгъэмрэ.

Отаров Керим Совет Союз псом къыщацIыхуу щытащ. Балъкъэр литературэм хэлъхьэныгъэфI хуэзыщIа усакIуэшхуэр Тырныауз къалэм къыщалъхуащ. Педучилищэр къиуха нэужь, КъБР-м и пединститутым щIэтIысхьащ. Хэку зауэшхуэм хэтащ. И лъэпкъэгъухэм я гъусэу Къыргъыз ССР-м ягъэIэпхъуэри, Бишкек къуажэм щыпсэуащ.

УсакIуэм и япэ усэ тхылъыр къыдагъэкIащ 1930 гъэм. 1936 гъэм ар хагъэхьащ СССР-м и ТхакIуэхэм я зэгухьэныгъэм. 1938 гъэм КъБАССР-м и ТхакIуэхэм я зэгухьэныгъэм и унафэщI хъуащ. Балъкъэрхэр я щIыналъэм щрагъэIэпхъукIам, и лъэпкъэгъухэм я гъусэу Къыргъызым щыIащ. 1956 гъэм Налшык къигъэзэжа нэужь, «Шуехлукъ» («Дружба») журналым щылэжьащ. Хэку зауэшхуэм щызэрихьа лIыгъэмрэ хахуагъэмрэ папщIэ къыхуагъэфэщащ «Вагъуэ плъыжь» орденыр. Отаровым и Iэдакъэ къыщIэкIахэр я гъуджэщ ар зыхэпсэукIа зэманым. Абы и щIэинхэр Хэку лъагъуныгъэкIэ гъэнщIащ, къэралым и зыужьыныгъэр, гуащIэрыпсэухэм я лэжьыгъэ хьэлэлыр, щIыналъэм и дахагъэр, и лъэпкъым и тхыдэр къызэщIаубыдэу. УсакIуэр куэд щIауэ къытхэмытыжми, абы и IэдакъэщIэкIхэр цIыхубэм зэIэпах. Тырныауз къалэм дэт лицей №1-м хэту мэлажьэ Отаров Керим и цIэр зезыхьэ музей. Абы щахъумэ усакIуэм и сурэтхэр, дунейм къытехьа и япэ тхылъхэр, къыщIэна хьэпшыпхэр.

Дунейпсо классикэ тхыгъэ нэхъыфIхэр Отаровым балъкъэрыбзэкIэ зэридзэкIащ. Отаров Керим и усэхэмрэ и псалъэхэр зыщIэлъ уэрэдхэмрэ балъкъэрыбзэкIэ, адыгэбзэкIэ, урысыбзэкIэ, тыркубзэкIэ, тыркумэныбзэкIэ, инджылызыбзэкIэ зэрадзэкIауэ ягъэзащIэ. УсакIуэм и тхыгъэхэр зэрадзэкIащ Липкин Семён, Голубков Дмитрий, Яропольский Георгий, Латынин Валерэ, Скодтаев Эльбрус, Накостоев Хаваш, Мизиев Къанщобий сымэ.

УсакIуэм и зэфIэкIымрэ лъагъуныгъэмрэ тыхь зыхуищIа цIыхубэм ар зэрызыщамыгъэгъупщэр гуапэщ. Балъкъэр литературэм хэлъхьэныгъэфI хуэзыщIа усакIуэшхуэр куэд щIауэ къытхэмытыжми (1974 гъэм дунейм ехыжащ) абы и IэдакъэщIэкI цIыхубэм зэIэпаххэр щыхьэт тохъуэ а усакIуэр зэрыуахъътыншэм.

Къэпсэлъа хьэщIэхэм жаIар къызэщIэпкъуэжмэ, абыхэм къыхагъэщащ Отаровым и усэхэр фIыуэ зылъагъухэм я дежкIэ псом хуэмыдэу зэрылъапIэр ахэр хэку лъагъуныгъэкIэ зэрыгъэнщIар. Апхуэдэу Отаровым и Iэдакъэ къыщIэкIахэм къыщыгъэлъэгъуат къэралым и зыужьыныгъэр, гуащIэрыпсэухэм я лэжьыгъэ хьэлэлыр, щIыналъэм и дахагъэр.

УсакIуэм и гъащIэмрэ и щIэинхэмрэ теухуа теплъэгъуэхэр пшыхьым къыщагъэлъэгъуащ, артистхэм ягъэзэщIащ Отаровым и псалъэхэр зыщIэлъ уэрэдхэр, и усэхэми пшыхьым къыщеджащ.

«Жизнь замечательных людей» серием хыхьэу пшыхьым утыку къыщрахьа «Керим Отаров» тхылъым ихуащ Керим и гъащIэмрэ гуащIэмрэ теухуахэр, урысыбзэм кърагъэзэгъа и усэхэм, поэмэхэм, Iуэтэжхэм ящыщ.

Зэхыхьэр и щыхьэтщ усакIуэм республикэм и щэнхабзэмрэ литературэмрэ хуищIа хэлъхьэныгъэхэр цIыхубэм зэращымыгъупщэм, ноби абыхэм щIэупщIэ зэраIэм, цIыхубэ усакIуэм и щIэинхэр хъумэным иджырей, къэкIуэну щIэблэхэм я дежкIэ мыхьэнэшхуэ зэриIэм. Зи усэхэр Урысейм, Азие Курытым щыпсэу лъэпкъхэм я бзэхэмкIэ зэрадзэкIа Отаровым и Iэдакъэ къыщIэкIахэм дяпэкIи лъэпкъхэр зэныбжьэгъугъэ быдэрэ мамырыгъэкIэ зэкъуигъэувэну ди гуапэщ.

ТЕКIУЖЬ Заретэ.
Сурэтыр **Къарей Элинэ** *трихащ.*

ЩIэблэм ящыгъупщэнукъым

• Дызэкъуэту

Кыщпэк къуажэм дэт КIуэкIуэ В.М. и цIэр зезыхьэ курыт еджапIэм къыщызэIуахащ «ЛIыхъужьым и партэ», а школым щеджахэу дзэ Iуэху хэхам я къалэн щагъэзащIэу хэкIуэда Гуэщокъуэ Арсен Артём и къуэм, Гуэщокъуэ Хьэдис Иризван и къуэм, Къардэн Резиуан Хьэбас и къуэм я фэеплъу.

ХЭКУМ и хъумакIуэм и илъэсым хыхьэу ар къызэрагъэпэщащ ЩIалэгъуалэм я IуэхухэмкIэ федеральнэ агентствэмрэ КъБР-м ЩIалэгъуалэм я IуэхухэмкIэ и министерствэмрэ, «ЛIыхъужьхэм я блын», «ЛIыхъужьым и партэ» я проектхэм къриубыдэу. Абы и мурадыр тхыдэ фэеплъыр хъумэнырщ, Хэкум и хъумакIуэхэм зэрахьэ лIыгъэм пщIэ хуэщIынырщ.

Iуэху гуапэм кърихьэлIащ Бахъсэн район администрацэм и Iэтащхьэм и къуэдзэ Тохъутэмыщ Ахьмэд, КъБР-м ЩIалэгъуалэм я IуэхухэмкIэ и министерствэм щыщхэр, ветеранхэр, жылагъуэ IуэхущIапIэхэм я лIыкIуэхэр, егъэджакIуэхэр, школакIуэхэр, апхуэдэуи лIыхъужьхэм я благъэхэмрэ Iыхьлыхэмрэ.

Iуэхум щIидзащ сабийхэмрэ щIалэгъуалэмрэ я урысейпсо жылагъуэ-къэрал зэгухьэныгъэ «Пэрытхэм я зэщIэхъееныгъэм» и ныпыр яIэту.

Тохъутэмыщ Мухьэмэд къызэхуэсахэм защыхуигъазэм къыхигъэщащ псэкупсэ гъэсэныгъэмкIэ проектым мыхьэнэшхуэ зэриIэр.

- Ди лъахэгъу хахуэхэм я фэеплъыр мыкIуэдыжын папщIэ дыкъызэхуэсауэ аращ нобэ. Абыхэм я лIыгъэр хахуагъэм, дзэ щIыхьым хуэпэжыным я щапхъэщ. «ЛIыхъужьым и партэр» - ар мамырыгъэм и лъапIагъым и дамыгъэщ. А партэхэм бгъэдэсыныр хуагъэфащэ фэ фщыщхэу нэхъыфIхэм - еджэныгъэми жылагъуэ гъащIэми щыпэрытхэм. Ди лIыхъужьхэм я щапхъэр ехъулIэныгъэ лъагэхэм фытезыгъэгушхуэ ирехъу.

АдэкIэ районым и унафэщIхэм я лIыкIуэхэмрэ лIыхъужьхэм я Iыхьлыхэмрэ партэхэр къызэIуахащ. Дэтхэнэми къытощ лIыхъужьым теухуахэр, QR-код зэIухауэ абы щыгъуазэ узыщIхэр.

Къызэрыхагъэщащи, «ЛIыхъужьхэм я партэхэр» къызэIухыныр тхыдэр хъумэныр, Хэкум и хъумакIуэхэм я лIыгъэм пщIэ хуащIыныр къытщIэхъуэ щIэблэм яхэпщэнымкIэ мыхьэнэшхуэ зиIэ лъэбакъуэщ.

ДЫГУЛЫБГЪУ Жантинэ.

Псей нэхъыщхьэр мэщIэращIэ

Налшык ЩIалэгъуалэм я унэм щагъэува ИлъэсыщIэ псейм и дахагъэмрэ и уардагъэмрэ ини цIыкIуи етхьэкъу. Абы иращIэкI гуфIэгъуэ зэхыхьэхэм республикэм и къалэхэмрэ къуажэхэмрэ щыщ сабийхэр, гъэ къэси хуэдэу, мы махуэхэм ирагъэблагъэ.

ЗЭХЫХЬЭР къызэрагъэпэщащ КъБР-м и Правительствэм, республикэм и Парламентым и депутатхэм, Профсоюзхэм я зэгухьэныгъэм.

Зэхуэсахэр цIыкIухэм гуапэу ехъуэхъуащ илъэсыщIэм гуфIэгъуэ, насып, фIыгъуэ куэд къахудэкIуэну, дэтхэнэ зыми и хъуэпсапIэхэр къехъулIэну, ехъулIэныгъэмрэ дэрэжэгъуэмрэ щымыщIэну.

НыбжьыщIэхэмрэ сабий гъэсапIэм кIуэ нэхъ цIыкIу дыдэхэмрэ я IутIыжт. Хэти лъэпкъ фащэ екIу щыгъыу, хэти шыпсэхэм хэт лIыхъужьхэм зрагъэщхьу захуэпауэ зэхыхьэм къекIуэлIащ, я адэ-анэхэм я гъусэу. Абыхэм Уае Дадэмрэ Уэс Гуащэмрэ гуфIэу пежьащ. ФIэхъус гуапэ сабийхэм ираха нэужь, цIыкIухэм я гъусэу «Псей цIыкIу, къаблэ!» - зэрыжаIэу, псей дахащэр щхъуэкIэплъыкIэу зэщIэлыдащ, зэхыхьэм кърихьэлIахэр игъэгуфIэу. Уае Дадэмрэ Уэс Гуащэмрэ сабийхэм я нэгу зрагъэужьащ, къуажэхьэр кърагъэщIащ, илъэсыщIэ уэрэдхэр зэдыжаIащ, къызэдэфащ, зэдэджэгуащ, псори зыпэплъа саугъэтхэри иратащ.

БЖЬЫХЬЭ Розэ.
Сурэтыр **Къарей Элинэ** *трихащ.*

КъыкIэрыхухэм зыкъаIэтыж

• Футбол

2025 - 2026 гъэхэм Къэбэрдей-Балъкъэрым футболымкIэ щекIуэкI щIымахуэ зэхьэзэхуэр кIуэ пэтми нэхъ удэзыхьэх мэхъу. Пашэныгъэр зыIэщIэлъ «Зэрэгъыжым» япэ хэщIыныгъэхэр игъуэтащ, абы щыгъуэми «гъунэ иралъащ» «Нартанымрэ» «Джэрмэншыкымрэ».

ПЭЩIЭДЗЭ джэгугъуиплIми щытекIуа «Зэрэгъыжым», иджыри къэс псоми къыхагъэщIа «Джэрмэншыкым» щэбэт кIуам щыIущIам, гугъуехь гуэрхэр иIэну хуэгъэфэщэгъуейт. АрщхьэкIэ зэрамыгугъауэ къыщIэкIащ. Джэрмэншык къуажэм и топджэгу гупыр зэкъуэту я хьэрхуэрэгъухэм ерыщу пэщIэтащ икIи япэ очкор зыIэрагъэхьащ. ЗэIущIэр зэрытемыгъэкIуауэ иухащ, лъэныкъуэхэр топ тIурытIкIэ зэхъуэжауэ. Абы иужькIэ зэрэгъыждэсхэр япэ увыпIэр къыщынами, я хьэрхуэрэгъухэр гъунэгъу дыдэ къахуэхъуащ.

Псом хуэмыдэу я Iуэхухэр фIыщ ирагъэкIуэкIа джэгугъуэ псоми щытекIуахэу Алътуд и «Искра»-мрэ Псынэдахэ и «Родник»-мрэ. Фигу къыдогъэкIыжри, ахэращ Къэбэрдей-Балъкъэрым футболымкIэ и чемпионыгъэр зыIэщIэлъыр: япэм - гъэмахуэр, етIуанэм - щIымахуэр. Дауи, ахэр сыт щыгъуи дыщэ медалхэм зэрыщIэбэнынум шэч хэлъкъым. «Зэрэгъыжым» и дежкIэ гъэхутапIэ нэс хъунущ дызыхуэкIуэ щэбэтым «Искра»-м зэрыIущIэнур.

Япэ текIуэныгъэм дэщIыгъуу и очко бжыгъэхэм хигъэхъуэн щIидзащ «Нартаным». Ар ефIэкIащ Щхьэлыкъуэ и «7 Вершин-Шалушка»-м.

ЗэкIэ хэхъуэ лъэпкъ зимыIэрИслъэмей и «Сады Баксана»-ращ. Псынэдахэ къикIахэм ар бжыгъэшхуэкIэ иужь зэIущIэми къыщыхагъэщIащ.

«Спартак-Налшыкым» и гъуащхьауэ Кумыщ Ахьмэдрэ «ГорИс»-м щыджэгу Балъкъыз Амуррэ гъуащхьауэхэм я зэпеуэм бжьыпэр щызэдаубыдащ. Абыхэм топ хырых я хьэрхуэрэгъухэм худагъэкIащ. Тхуэ къыхэжаныкIауэ а щIалэхэм зы мащIэкIэ къакIэрохуэ «Шагъдийм» и пашэ Бэлагъы Руслан.

АдэкIэ щыгъуазэ фыхуэтщIынщ Къэбэрдей-Балъкъэрым футболымкIэ и гуп нэхъыщхьэм 2025 - 2026 гъэхэм я щIымахуэ зэхьэзэхуэм и еплIанэ джэгугъуэм къарикIуа бжыгъэхэм: «**Джэрмэншык**» (Джэрмэншык) - «**Зэрэгъыж**» (Зэрэгъыж) - **2:2**, «**Спартак-Налшык**» (Налшык) - «**Малка**» (Малкэ) - **2:1**, «**Сады Баксана**» (Ислъэмей) - «**Родник**» (Псынэдахэ) - **1:5**, «**Ислъэмей**» (Ислъэмей) - «**Шагъдий**» (Зеикъуэ) - **5:0**, «**Логоваз**» (Бабугент) - «**Искра**» (Алътуд) - **0:5**, «**Урыху**» (Урыху) - «**ГорИс**» (Налшык) - **1:2**, «**Нартан**» (Нартан) - «**7 Вершин-Шалушка**» (Щхьэлыкъуэ) - **5:2**, «**Мурбек ФШ**» (Налшык) - «**Псыгуэнсу**» (Псыгуэнсу) - **2:5**.

ДызыхуэкIуэ щэбэтымрэ тхьэмахуэмрэ къыкIэлъыкIуэ джэгугъуэр щыIэнущ. А махуэхэм зэIущIэнущ ***дыгъэгъазэм и 27-м*** - «Псыгуэнсу» - «Сады Баксана», «ГорИс» - «Мурбек», «Искра» - «Урыху» , «Джэрмэншык» - «Ислъэмей»; ***дыгъэгъазэм и 28-м*** - «Зэрэгъыж» - «Родник», «7 Вершин-Шалушка» - «Логоваз», «Малка» - «Нартан», «Шагъдий» - «Спартак-Налшык» командэхэр.

ХЬЭТАУ Ислъам.

Къэбэрдей-Балъкъэрым футболымкIэ и гуп нэхъыщхьэм щIымахуэ зэхьэзэхуэр зэрыщекIуэкIыр

Командэхэр	Дж.	Къ.	З.	ФI.	Т.	О.
1. **«Зэрэгъыж»**	**5**	**4**	**1**	**0**	**13-5**	**13**
2. **«Искра»**	**4**	**4**	**0**	**0**	**13-0**	**12**
3. **«Спартак-Налшык»**	**5**	**4**	**0**	**1**	**15-6**	**12**
4. «Ислъэмей»	5	4	0	1	16-5	12
5. «Родник»	3	3	0	0	10-2	9
6. «Псыгуэнсу»	5	2	2	1	10-7	8
7. «ГорИс»	5	2	1	2	10-12	7
8. «Урыху»	5	2	1	2	9-7	7
9. «Малка»	5	2	0	3	8-13	6
10. «Шагъдий»	5	2	0	3	12-15	6
11. «Логоваз»	5	1	2	2	5-11	5
12. «Нартан»	4	1	0	3	7-11	3
13. «Мурбек ФШ»	4	1	0	3	6-10	3
14. «7 Вершин Шалушка»	5	1	0	4	6-20	3
15. **«Джэрмэншык»**	**4**	**0**	**1**	**3**	**7-10**	**1**
16. **«Сады Баксана»**	**5**	**0**	**0**	**5**	**3-16**	**0**

• Щэнхабзэ

ФIым хуэIэижь уэрэджыIакIуэ

«Псэуну гъащIэ зыхуэфащэр мыувыIэу кIуэхэр ар къудейщ». КIыщокъуэ Алим и усэ сатырыр сигу къигъэкIыжащ нобэ си хьэщIэ щIалэ нэфIэгуфIэ, зи макъ дахэмкIэ щыпIэ куэдым къыщацIыхуа, Старэ Шэрэдж къуажэм къыщалъхуа, адрейуэ зыпэрытым къинэмыщIа, гъуазджэм хуэлажьэкIэрэ лъэпкъым и пщIэм зэрыхигъэхъуэным хущIэкъу, Осетие Ищхъэрэ-Аланием щIыхь зиIэ и лэжьакIуэ Уэзрокъуэ Чэрим.

Зэрысабийрэ уэрэд жыIэным дихьэх щIалэм зиужьынымкIэ сытым щыгъуи и адэ-анэр дэIэпыкъуэгъу къыхуэхъуащ. Чэрим Старэ Шэрэдж дэт курыт еджапIэ №2-р къиуха нэужь, Налшык дэт ГъуазджэмкIэ колледжым щIэтIысхьащ. Абы и гъэсакIуэу щытар Къэбэрдей-Балъкъэрым, Ингуш Республикэм щIыхь зиIэ я артист Даур Иринэщ. ИужькIэ, ГъуазджэмкIэ Кавказ Ищхъэрэ къэрал институтым щIэтIысхьэри, щIэныгъэ нэхъыщхьэ щызэригъэгъуэтащ, Къэбэрдей-Балъкъэрым щIыхь зиIэ и лэжьакIуэ Шэрджэс Мухьэмэд и нэIэм щIэту.

Уэзрокъуэр хамэ хэгъэгу щыпсэу ди лъэпкъэгъухэм хасэхэм ирагъэблагъэри, махуэ тIощIрэ щым кърииубыдэу, къэралиплIым къыщикIуэхьащ. Чэрим 2016 гъэм, езыр илъэс 25-рэ щрикъум ирихьэлIэу, уэрэд 25-рэ зытет альбом щхьэхуэ къыдигъэкIауэ щытащ. Утыкушхуэхэм ихьэн зэрыщIидзэрэ илъэситху щыхъум изакъуэу концерт итыфат щIалэм.

Уэзрокъуэм упщIэ зыбжанэкIэ зыхуэдгъэзащи, къыджиIахэм ди гуапэу фыщыдогъэгъуазэ.

- ЗэрытщIэмкIэ, Чэрим, хамэ щIыпIэ щыпсэу ди лъахэгъухэм я деж ущыIащ. УздэкIуам сытхэр щызэхэпха, щыплъэгъуа, япэу къыщыщIэбдзари сыт хуэдэ къэралра?

- СыздэщыIа къэралхэм ятеухуауэ мыр нэхъыфIщ, мор нэхъ Iейщ схужыIэнукъым. Сигуми си псэми къыдыхьащ сызыхуэза псоми я щыIэкIэ-псэукIэр, я зэхэтыкIэр. Я хабзэ-нэмысым и гугъу тщIымэ, икъусыкъужу фIы и лъэныкъуэкIэ псыхьащ. Ауэ, си гум гуауи къинащ. Ар сыт жытIэмэ, «сыадыгэщ» жызыIэу абы щыIэ дэтхэнэми, я нэгум ущиплъэкIэ, я нэхэм гукъеуэшхуэ щIыболъагъуэ. Мис абы сигъэхыщIащ, сигъэзджызджащ. Зи псэр ХэкужьымкIэ къеIэу, зи пкъыр, къэпхъэным иубыдам хуэдэу, хамэ щIыпIэмкIэ къызэрыщынэм сигъэгумэщIащ. Ахэр къэзгъанэу сакъызэрыхэкIыжынур си гум къы щIитхъырт.

Си зекIуэр Иорданием щыпсэу ди лъэпкъэгъухэм я деж къыщыщIэздзэри, Америкэм, Канадэм, Тыркум щыпысщащ. «Хэкужьым къикIащ» жаIэу, а къэралхэм щыпсэу ди лъэпкъэгъухэм сызэрагъэлъэпIам щIэи-гъуни иIэкъым. Хамэ щIыпIэр унапIэ зыхуэхъуа, абы щыIэ ди хэкуэгъухэм къызэрагъэпэща Адыгэ Хасэхэм къокIуалIэ бзэр фIы дыдэу зыщIэхэри, къагурыIуэ мыхъумэ иримыпсалъэфхэри, лъэпкъым къызэрыхэкIам фIэкIа и бзэм щыщу зы псалъэ зымыщIэхэри. Ауэ, джэгу хъуамэ, я нэхэр къилындыкIыу, зэрахуэзэфIэкIкIэ псори къэфэнущ. «Хэкужьым дыкъыщыхутэжам хуэдэу къытщохъу, фэр хуэдэ уэрэджыIакIуэхэр къытхуэкIуэу джэгу щызэхэтшэхэм деж», - жаIэрт абыхэм. «Ди гур Хэкум щыIэщ, ди лъэр пхъэм дэнащ», «Дуней фIыгъуэр дбгъэдэлъми, дыхэхэсщ». А псалъэхэр щызэхэсхкIэ, си пкъым хэлъ лъынтхуэхэм ирижэрти, си гур къызэфIигъанэрт.

- УэрэджыIакIуэ ухъуным сыт къежьапIэ хуэхъуар?

- ЦIыху къэскIэ щысабийм къыщегъэжьауэ хъуэпсапIэ гуэр и гум къыщоуш. Сэ сызэрыцIыкIурэ уэрэд жыIэныр сфIэфIт, сыдихьэхырт. Си адэ-анэри ар IэщIагъэ схуэхъуну хуейт. Си анэм сыкъишэурэ, Налшык къалэ дэт «Школа искусств» жыхуаIэм илъэсийкIэ сыщеджащ. Къуажэ школымрэ абырэ зэгъусэу къэзухащ. Курыт еджапIэм сыщыщIэсам сыт хуэдэ зэхьэзэхуэ щыIэми сыхэтащ. Мыз Борис и фэеплъу зэхашауэ щыта «Бони-ми» зэпеуэм и Iыхьэ Тыркум щекIуэкIыу си анэм сишэри сыхэтати, а зэхьэзэхуэм япэ увыпIэр уэрэджыIэнымкIэ къыщысхьат. Хэкум дыкъэкIуэжа иужь усакIуэ-макъамэтх Бейтыгъуэн Iэуес дригъэблагъэри, мыпхуэдэу си анэмрэ сэрэ къыджиIащ (сэ абы щыгъуэм илъэс 12 сыхъуами арат): «Уэ зэчий бгъэдэлъщ, ухуеймэ сыбдэIэпыкъунущ, уэрэд пхуэстхынущ, утыку уисшэнущ. Ар IэщIагъэ пхуэхъуну уи гум жиIэмэ, зэрысхузэфIэкIымкIэ зыпщIэзгъэкъуэнущ, зэгъусэу Iуэху зэдэтщIэнущ!». Абдежым си нэ къызыхуикI си хъуэпсапIэм сылъэIэсауэ къысщыхъужат. А махуэм къыщыщIэдзауэ нобэр къыздэсым Iэуес и жьауэм сыщIэту сыкъогъуэгурыкIуэ, сытым дежи сэбэп къысхуохъу. Абырэ сэрэ уэрэд 50-м нэс зэдэттхащ, Сокъур Ольгэ макъамэ зыщIигъэувахэри хэту.

- Хэт сымэ иджыри уздэлажьэр, Чэрим?

- Я цIэр си гуапэу къисIуэнт Мамий Аслъэн, Къул Iэмир, Урыс Светэ, НэгъущI Саидэ, Къанкъул Рае сымэ. Абыхэм псоми фIыщIэ яхузощI икIи сохъуэхъу я IэдакъэщIэкIхэмкIэ цIыхухэр ягъэгуфIэу ди япэ куэдрэ итыну!

КъинэмыщIауэ, архивым къыхэсхыжа уэрэд бжыгъи дунейм къытезгъэхьэжащ. Ауэ «Жьым фымыщI и жагъуэ» уэрэдыр згъэзэщIарэт жысIэу, куэд щIауэ си нэ къызыхуикIщи, абы теухуа мыр къыхэзгъэщынут. Уэрэд дапщэ жысIами, зэхэсхами, абы хуэдэу купщIэ зыхэлърэ цIыхухэм я гум дыхьэрэ щымыIэу къысщохъу. Иджы дыдэ къистхыкIыжащ ар. Мы уэрэдыр си япи уэрэджыIакIуэ куэдым ягъэзэщIащ, псалъэм папщIэ, Мэремыкъуэ Хъусенрэ Нэхущ Чэримрэ, нэгъуэщIхэми. Абыхэм сефIэкIыжынщ, ауэ уэрэдым и мыхьэнэр цIыхубэм иджыри зэ зэхахмэ нэхъыфIы-жу къызолъытэри аращ. Ар мы илъэсыщIэ къэсам ирихьэлIэу дунейм къытезгъэхьэну сыхущIокъу.

- Мы зэманым сыт хуэдэ Iуэхугъуэхэм яужь уит?

- Мы гъэм Iуэху куэдым зеспщытати, сыхунэмысым жысIэри тIэкIуи сыкъэгузэвэжат, арщхьэкIэ, илъэсым и кIэ дыдэ мыхъуу си гуращэхэм я нэхъыбэр зэзгъэхъулIащ. Мы гъэр къызэрихьэрэ Москва и нэхъыбэм сыщыIэщ, уэрэд тIощIым нэс зытет альбом щедгъэтхащ абы. Урысейм щIыхь зиIэ и уэрэджыIакIуэ, актрисэ Булановэ Татьянэ и гъусэу жытIэ уэрэди хэту. Ари куэд щIауэ сызыщIэхъуэпса Iуэхухэм ящыщу къызэхъулIащ. Илъэс дызыхуэкIуэм зи гугъу сщIа альбомыр утыку къитхьэну ди мурадщ.

- ЗэрысщIэмкIэ, Чэрим, уэрэджыIэным и мызакъуэу хьэрычэт Iуэхуми фIыуэ ухозагъэ. «Налшык» зи фIэщыгъэ шхапIэ бгъэлажьэм куэдым и гугъу ящIу зэхызох. А лэжьыгъэм утегушхуэным сыт щхьэусыгъуэ хуэхъуар?

- ЩхьэщытхъуагъкIэ сфIэфIкъым, ар адыгэм зэи ди хабзэу щытакъым, ауэ, укъыщызэупщIакIэ, жэуап уэстынщ. ЗэрытщIэщи, адыгэу ущытыныр Iуэху цIыкIукъым. Си щхьэкIэ си псэм хэлъщ си лъэпкъыр. Куэдрэ сегупсысырт, адыгэ щэнхабзэм хэлъхьэныгъэ гуэр хуэсщIарэт, жысIэу. Илъэс 12 - 13-кIэ дызэIэбэкIыжмэ, нысашэ хъуамэ, адыгэ фащэ цIыхухэм къалъыхъуэрт, а зэманым бэдджэнду ят щыIэтэкъым. Ди дэрбзэр Iэзэхэми ящэу фIэкIа бэдджэнду ятыртэкъыми. Ари лъапIэ дыдэти, а зэ щытIэгъэгъуэм щхьэкIэ цIыхур тегушхуэфыртэкъым къищэхуну. Си гупсысэр хуэкIуащ, адыгэ фащэ езгъэдынщи, бэдджэнду стынщ, жысIэри. ИкIи зэман кIэщIым къриубыдэу ар зэзгъэхъулIащ. Иджыпстуи мэлажьэ «Ассанэ» зыфIэсщауэ щыта тыкуэныр. Абы къыкIэлъыкIуэу сытегушхуащ шхапIэ згъэлэжьэным. Сыхуейт абы щылэжьэнухэм, лъэпкъ фащэхэр ящыгъыу, адыгэ шхыныгъуэхэр щапщэфIу зэхуэзгъэхъуну. РеспубликэмкIэ къытхуэкIуэ хьэщIэхэм ящыщу ди деж къытхуеблагъэхэм, лъэпкъым ди щыIэкIэ-псэукIэр зыхуэдэм и зы Iыхьэ нэхъ мыхъуми щыгъуэзэн папщIэщ ар щIэсщIар. СызэреплъымкIэ, къызэхъулIауэ къызолъытэ.

- СыткIэ захуэбгъэзэнт ди щIэджыкIакIуэхэм, Чэрим?

- Ди лъэпкъым ижь-ижьыж лъандэрэ къыддэгъуэгурыкIуэ Iуэхугъуэ дахэхэр тхъумэфу, ди бзэмрэ ди хабзэмрэ тщIэжу, фIым дыхуэIэижьу, Iейм дыпыIукIуэту адыгэ лъэпкъыр куэдрэ Тхьэм дигъэпсэу! ИлъэсыщIэ къэблэгъам фIыгъуэр къытхудэкIуэну, узыншагъэрэ гуфIэгъуэрэ дэтхэнэ зы унагъуэми илъыну, гукъеуэрэ гухэщIрэ лъэпкъкIи къэралкIи димыIэну, Тхьэм къыщIигъэкI!

Епсэлъар
НЭЗРЭН Раисэщ.

Редактор нэхъыщхьэ ЖЫЛАСЭ Заурбэч

РЕДКОЛЛЕГИЕМ ХЭТХЭР:

ЖьэкIэмыхъу Маринэ (унафэщI-редактор), Ширдий Маринэ (унафэщI-редактор), Къаншокъуэ Эллэ (жэуап зыхь секретарь), Къардэн Маритэ, Къумахуэ Аслъэн, НэщIэпыджэ Замирэ, Чэрим Мариannэ, ЩхьэщэмыщI Изэ.

ТЕЛЕФОНХЭР:

редактор нэхъыщхьэм, секретарым - 42-56-19; унафэщI-редакторхэм 40-48-54, 40-06-33; жэуап зыхь секретарым - 42-75-78; секретариатым - 42-22-66.

КЪУДАМЭХЭМ: политикэмкIэ, жылагъуэмрэ лъэпкъ IуэхухэмкIэ - 42-22-86; къуажэ гъащIэмрэ экономикэмкIэ - 42-57-59; щэнхабзэмкIэ - 42-75-36; егъэджэныгъэмрэ щIэныгъэмкIэ - 40-15-31; хъыбарыщIэхэмрэ спортымкIэ - 42-22-88, 42-22-89; хабзэхъумэ IэнатIэхэм ядэлэжьэнымкIэ - 42-60-53; корректорхэм - 42-22-66; компьютер IэнатIэм - 42-26-41; сурэттехэм - 42-63-64.

Газетыр 2016 гъэм дыгъэгъазэм и 19-м Печатым и хуитыныгъэр хъумэнымкIэ Къэбэрдей-Балъкъэр щIыналъэ IуэхущIапIэм ятхащ ПИ № ТУ07-00117-м щIэту.

КъыдэзыгъэкIхэмрэ редакцэмрэ я хэщIапIэр: 360030, КъБР, Налшык къалэ, Лениным и уэрам, 5

Индексыр П 5894
Тиражыр 1.300
Заказыр №2.777
12+

Теддзэ тхыгъэхэм къыщыхьа бжыгъэхэм, къыщаIэта Iуэхугъуэхэм я пэжагъымкIэ ахэр зытхахэм нэсу жэуап яхь. Авторхэмрэ редакцэмрэ я Iуэху еплъыкIэр зэтехуэ зэпыту щыткъым.

Газетым Iэ тезыдзахэм яхуэхьыныр и пщэ дэлъщ КъБР-м федеральнэ пошт зэпыщIэныгъэхэмкIэ и управленэм. Тел.: 76-01-28, 76-01-10

МЫ КЪЫДЭКIЫГЪУЭМ ЕЛЭЖЬАХЭЩ:

жэуап зыхь секретарым Къаншокъуэ Эллэ, корректорхэу Елмэс ФатIимэ (1, 4-нэ нап.), Нэужьокъуэ Заирэ (2, 3-нэ нап.). КомпьютеркIэ газетым и теплъэр ящIащ Дол Маринэ, Щомахуэ Мариаnnэ.

Сурэтхэм елэжьар Бицу Жаннэщ.

«Издательство «Южный регион» ООО-м щытрадзащ.

357600, Ставрополь край, ЕсэнтIыгу къалэ, Никольскэ уэрам, 5-А

Газетым Iэ традзэн хуейщ сыхьэт 20-м, щытрадзар сыхьэт 20.00-рщ.

Зы илъэсым газетыр 156-рэ къыдокI.